**Муниципальное казённое образовательное дошкольное учреждение**
**«Детский сад № 64»**
**городского округа Нальчик Кабардино-Балкарской республики**

| | |
|---|---|
| ПРИНЯТО:<br>на Педагогическом совете<br>МКДОУ «Детский сад № 64»<br>Протокол № 1<br>от «31» 08 2021 г. | УТВЕРЖДЕНО:<br>И/о заведующего МКДОУ<br>«Детский сад № 64»<br>З.Т.Мусукова<br>Приказ № 7 от «31» 08. 2021 г. |

# Рабочая образовательная программа по кабардино-черкесскому языку в группах дошкольного возраста МКДОУ «Детский сад № 64»

**Срок реализации: 2021-2022 учебный год**

**Преподаватель кабардино-черкесского языка:**
**Киржинова З.Х.**

**г.о. Нальчик 2021г.**

## Пояснительная записка

Рабочая программа по обучению детей дошкольного возраста кабардинскому языку (далее - Программа) разработана в соответствии с основной общеобразовательной программой МКДОУ «Детский сад № 64», на основе учебного пособия «Анэбзэ» Ацкановой Р.М.

Данная Программа разработана в соответствии со следующими нормативными документами:

- Федеральный закон «Об образовании в Российской федерации» от 29 12 2012 года № 273 – ФЗ
- Приказ Минобразования и науки РФ от 30.08.2013г. № 1014 « Об утверждении Порядка организации и осуществления образовательной деятельности по основным общеобразовательным программам – образовательным программам дошкольного образования»
- **СП 2.4.3648-20** «Санитарно-эпидемиологические требования к организациям воспитания и обучения, отдыха и оздоровления детей и молодежи», Санитарные правила и нормы **СанПиН 1.2.3685-21** «Гигиенические нормативы и требования к обеспечению безопасности и (или) безвредности для человека факторов среды обитания»;
- Приказ Минобразования и науки РФ от 17.10.2013г. № 1155 «Об утверждении Федерального Государственного Образовательного Стандарта Дошкольного Образования» (ФГОС ДО).
- Устав МКДОУ «Детский сад № 64».
- Образовательная программа МКДОУ «Детский сад № 64».

Программа определяет содержание и организацию образовательного процесса группы от 3 до 7(8) лет с учетом их возрастных и индивидуальных особенностей муниципального казенного дошкольного образовательного учреждения «Детский сад № 64».

Программа строится на принципе личностно-ориентированного взаимодействия взрослого с детьми группы и обеспечивает:

- социально – коммуникативное развитие;
- познавательное развитие;
- речевое развитие;
- художественно – эстетическое развитие;
- физическое развитие.

## Цели и задачи реализации Программы

**Цель:** развитие умственных, творческих и эмоциональных способностей детей дошкольного возраста через знакомство с ценностями национальной культуры.

Задачи:

- сформировать у детей осознанные представления, знания о природно-климатическом, этнографическом, экологическом своеобразии Кабардино-Балкарии;
- развивать у детей чувственное восприятие через искусство и красоту;
- воспитывать гражданскую активность; толерантное отношение к представителям других культур;
- способствовать формированию словаря, побуждать детей применять изученные слова в своей речи;
- формировать навык элементарного речевого общения на кабардинском языке;
- знакомить детей с литературными произведениями (авторскими и народными, играми, песнями на кабардинском языке).

## Основные задачи образовательных областей

**Социально-коммуникативное развитие**

**Цель:** формирование этнического самосознания, принадлежности к определенному этносу, знания основных принципов нравственно-личностного развития.

Содержательные линии:

- знакомство с историей коренных народов КБР, национальный музей КБР;
- знание традиций, обычаев и обрядов родного народа;
- знание семьи, рода и родословной;
- знакомство с «адыгэ хабзэ»;
- формирование культуры труда.

**Познавательное развитие**

Цель: желание знать о родном крае, знание доступных возрасту произведений родной литературы, знакомство с фольклором народов КБР.

Содержательные линии

- Элементарные знания о географии КБР.
- Символика КБР и города Нальчика (флаг, герб, гимн).

- Этнографическая азбука.
- Флора и фауна КБР.
- Знания о нартском эпосе.
- Знания произведений фольклора (сказки, сказания, пословицы, поговорки, потешки, считалки и т.д).
- Знание стихов, прозаических произведений.
- Знание классиков адыгской и балкарской национальной литературы.

**Речевое развитие**

Цель:
- умение говорить на кабардинском языке достаточно хорошо, знание доступных возрасту произведений адыгской литературы, овладение речью как средством общения и культуры;
- обогащение активного словаря;
- развитие связной, грамматически правильной диалогической и монологической речи, а также речевого творчества;
- развитие звуковой и интонационной культуры речи, фонематического слуха;

Содержательные линии
- Знания о нартском эпосе.
- Знания произведений фольклора (сказки, сказания, пословицы, поговорки, потешки, считалки и т.д).
- Знание стихов, прозаических произведений.
- Знание классиков адыгской и балкарской национальной литературы.

**Художественно-эстетическое развитие**

Цель: ознакомление с художественной культурой народов КБР; с этномузыкой, с декоративно-прикладным искусством; обучение умению танцевать национальные танцы, петь песни на кабардинском языке; знакомство с национальными музыкальными инструментами и изобразительным искусством КБР; умение делать изделия декоративно-прикладного искусства.

Содержательные линии
- Знание декоративно-прикладного искусства народов КБР.
- Умение оформлять национальную одежду, посуду, ковры народным орнаментом.
- Умение рисовать на краеведческие темы.
-Знакомство с «пшинэ», «шикэпшинэ», «бжамий» и др.
- Умение танцевать народные танцы.
- Знание произведений для детей композиторов КБР.
- Знакомство с театрами КБР.
- Знакомство с произведениями местных художников.
- Соблюдение эстетике во внешнем виде, поведении, общении и речи.
- Знание народного фольклора об эстетике, искусстве и гармонии.
- Знакомство со скульпторами и архитектурными памятниками: Сосруко, Лашин, Площади, Памятник 400-летия присоединения Кабарды к России.

**Физическое развитие**

Цель: знакомство с народными традициями, знания и умения играть в народные подвижные игры, знания образов и подвигов нартских богатырей и стремление им подражать.

Содержательные линии
- Знакомство с фольклором народов КБР о здоровье, физической красоте, силе, мужестве, храбрости.
- Знакомство с доступными подвижными играми и обучение игре в них («Подкинь шапку, «Всадники», «Поймай шапку» и др).
- Знакомство с нартскими героями, народными героями, формирование стремления им подражать.

## Зыубзыху тхыгъэ

ЩIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ къэрал Федеральнэ стандартхэм ипкъ иткIэ зэхэлъхьа программэ.

Дэтхэнэ зы лъэпкъми и бзэ иIэжщ – и анэдэлъхубзэ, иризэпсалъэу, иризэгурыIуэу, цIыху къэс и гупсысэхэр, и гурыгъу – гурыщIэхэр къырриIуатэу. Анэдэлъхубзэрщ лъэпкъым и лъэпкъыгъэр зыхъумэр.

Бзэр къулейгъэшхуэщ. «Бзэ зимыIэм, лъэпкъ иIэкъым», - жеIэ ижь – ижьыж лъандэрэ къыддэгъуэгурыкIуэ адыгэ псалъэжьым.Адыгэ лъэпкъым иIэжщ и бзэ – адыгэбзэ. Ар ди республикэм щызекIуэ къэралыбзэхэм ящыщ зыщ. Iэмалу щыIэр къэгъэсэбэпын хуейщ, анэдэлъхубзэр сабийм егъэщIэн, фIыуэ егъэлъэгъун, егъэджын папщIэ. Адэ-анэхэм я ужькIэ, абыкIэ къалэнышхуэ ди пщэ къыдохуэ сабий садым щылажьэхэм. Абы къыхэкIкIэ мы программэр зэхэлъхьащ. Ар, сабий садым къекIуалIэ сабийхэм я ныбжь елъытауэ, Iыхьэ - Iыхьэури гуэшащ: илъэси 3-4, илъэси 4-5, илъэси 5-6, илъэси 6-7 зи ныбжьхэм папщIэ.

Программэм хыхьащ ди тхакIуэхэм, усакIуэхэм я къалэмыпэм къыщIэкIа, абыхэм зэхуахьэсыжа хъыбархэр, таурыхъхэр, усэхэр, рассказхэр, уэрэдхэр, псынщIэрыпсалъэхэр, псалъэ шэрыуэхэр, къебжэкIхэр, джэгукIэхэр.

Анэдэлъхубзэр сабийхэм зэрыбгъэдэплъхьэм елъытащ абыхэм я бзэр фIыуэ ящIэу, щалъхуа щIыпIэр фIыуэ ялъагъуу, дыкъэзыхъурейхь дунейм щыгъуазэу, Iеймрэ фIымрэ къагурыIуэу, нэхъыжьри нэхъыщIэри зэхащIыкIыу, гулъытэ яIэу, хьэл-щэн дахэ яхэлъу тэмэму гъэсауэ ахэр балигъ гъащIэм хэша хъуныр.

### Программэм къигъэув къалэнхэр:

Программэм къигъэув къалэн нэхъ ин дыдэхэм щыщщ сабийхэм я бзэм зегъэужьыныр ныбжьым елъытауэ зэщхьэщыдзауэ зэрызэпызудыр.

А Iуэхугъуэм хэхьэ:

- адыгэбзэм и макъ псори ягъэIуфу егъэсэн;
- тэмэму псалъэмакъыр яухуэфын;
- дыкъэзыухъурейхь дунейм хащIыкIыр нэхъ куу щIын;
- художественнэ литературэм щыгъэгъуэзэн;
- псалъэ къэс мыхьэнэ зэриIэр я акъылым къегъэубыдын;
- псалъэухам гупсысэ пыухыкIа къызэриIуатэм гу лъегъэтэн;
- сабийм и гупсысэкIэм зегъэужьын;
- зыхуей псалъэр къагъэсэбэпыфу егъэсэн.

Сабийхэм я зэфIэкIыр къызэрапщытэ диагностикэр илъэсым къриубыдэу тIо егъэкIуэкIын (сентябрь, май). Диагностикэр пэщIэдзэм зэрекIуэкIам хуэдэущ гъэм и кIэм зэрегъэкIуэкIын хуейр, сабийм и щIэныгъэм хигъэхъуар къэтхутэн папщIэ. ЗэфIэкIыр таблицэм къыщэгъэлъэгъуэн, ядегъэкIуэкIыпхъэ лэжьыгъэхэр дыщIыгъужын.

### Илъэсищ – плIы зи ныбжьхэм папщIэ программэ

Илъэсищ – плIы зи ныбжь сабийхэм я бзэм зегъэужьынымкIэ, къулей щIынымкIэ, тэмэму псэлъэфу егъэсэнымкIэ къэув къалэнхэр:

- псэлъэкIэмкIэ яIэ зэфIэкIыр къэхутэн, я бзэм зегъэужьын, псалъалъэр къулей щIын;
- сабий садым кIуэ сабийхэм пщэдджыжьми пщыхьэщхьэми щызэхуэзэ - щызэбгъэдэкIыжхэм деж гъэсакIуэхэми я ныбжьэгъу цIыкIухэми сэлам ирахыфу, къезыхам ирахыжыфу, фIыщIэ псалъэхэр яIурылъу егъэсэн;

- сабийхэм я бзэм иіэ дертыр (ныкъусэныгъэр) къэхутэн, мытэмэму къапсэлъ макъхэр гъэзэкIуэжыным елэжьын;
- бзэм и макъхэр къабзэу къапсэлъыфу егъэсэн;
- унэлъащIэм, щыгъыным, джэдкъазхэм, хьэкъущыкъум, хьэкIэкхъуэкIэхэм, бзухэм, хадэхэкIым, пхъэщхьэмыщхьэхэм я цIэхэр адыгэбзэкIэ жаIэфу егъэсэн;
- художественнэ тхыгъэ кIэщIхэм едэIуэфу егъэсэн;
- таурыхъхэм, рассказхэм къыщыхъу-къыщыщIэхэм кэлъыплъыфын, егъэджакIэр дэIэпыкъуурэ усэ, къебжэкI цIыкIухэр зэрагъэщIэфын;
- есэпымкIэ къызэрыгуэкI щIэныгъэ етын;
- экологическэ гъэсэныгъэ етын;
- Iеймрэ фIымрэ зэхащIыкIыфу, я кум зэгурыIуэныгъэ, зэныбжьэгъуныгъэ, гущIэгъу дэлъу къэгъэтэджын;
- хьэл-щэн дахэ яхэлъу, нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми пщIэ хуащIыфу егъэсэн;
- езыр-езыру гукъыдэж ящIу джэгукIэ ящIэхэмкIэ зэдэджэгуфу егъэсэн.

**Бзэм зегъэужьын**

Сабийхэр щыджэгу пэшым щIэлъ хьэпшыпхэр, сурэт цIыкIухэр, тхылъ гъэщIэгъуэнхэр, щыгъынхэр, н. езыр-езыру зэпаплъыхьыфу, абыхэм тепсэлъыхьыфу, щыджэгукIэ ахэр къагъэсэбэпыфу егъэсэн. Я бзэм зиужьын папщIэ, сабийхэр нэхъыбэрэ зэгъэпсэлъылIэн, зэдэгъэджэгун.

ЕгъэджакIуэр къызыхуеджэ, яжриIэж таурыхъхэм, рассказхэм едэIуэфу, зэхахыр къагурыIуэу егъэсэн.

**Псалъалъэм хэгъэхъуэн**

Дыкъэзыхъурейхь дунейм хащIыкIыр, псэлъэкIэмкIэ яIэ зэфIэкIыр къэхутэн, я бзэм зегъэужьын. Я псалъалъэр нэхъ къулей щIын папщIэ, щыгъынхэм, хьэпшыпхэм, хьэкъущыкъухэм я цIэхэр зэращIэр къэхутэн, ахэр псори хуэсакъыу зехьэн зэрыхуейр егъэщIэн.

**Бзэм и макъхэр**

Сабийхэм бзэм и макъзешэхэр (**а,э,у,и,о,ы,е**) псалъэхэм зэхэщIыкIыгъуэу къыщапсэлъыфу егъэсэн. Къапсэлъ макъыр я тхьэкIумэкIэ зэхахыу, псалъэхэм щызэхамыгъэзэрыхьу, къыщапсэлъым деж тэмэму бэуэфу егъэсэн.

Адыгэбзэми урысыбзэми къыщыдгъэсэбэп макъхэр я къэпсэлъыкIэкIэ зэрызэщхьэщыкIым гу лъегъэтэн.

**Бзэр зэрызэпыщIар**

Сюжет зиIэ сурэт гъэщIэгъуэнхэм щебгъэплъкIэ, ар зытеухуа таурыхъхэр щажепIэкIэ, сабийхэр псалъэмакъым хэшэн, езыр-езыру зэгъэпсэлъылIэн, зэрыпсалъэ бзэр къазэрыгурыIуэр къэхутэн, упщIэ яхуэбгъэувамэ, зэхэщIыкIыгъуэу жэуап къуатыжыфу егъэсэн.сабийхэр щыпсалъэкIэ и чэзум деж фIыщIэ зэращI, сэлам зэрах, сэлам зэрэзэрахыж псалъэхэр я бзэм къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн. Езыр-езыру щызэпсэлъылIэкIэ, гуапэу зэхущыту егъэсэн.

## Лексикэ

Сэлам зэрызэрах, фIыщIэ зэращI псалъэхэр**:** уи(фи)пщэдджыжь фIыуэ; Уи(фи) махуэ фIыуэ; **:** уи(фи) пщыхьэщхьэ фIыуэ; узыншэу ущыт (фыщыт); упсэу.

Зэрыджэгу хьэпшыпхэр: гуащэ,гущэ, топ, гуащэ хьэпшып.

Инагъ-цIыкIуагъ къызэрыкIхэр: ин, цыку, цыкунитэ, инышхуэ.

ЗдэунэтIа-здэгъэза лъэныкъуэ къызэрыкIхэр: ижь, сэмэгу.

Геометрическэ фигурэм и фэщыгъэцIэр: хъурей.

ЗэманкIэ зэлъытыныгъэ къызэрыкIхэр: пщэдджыжь, пщыхьэщхьэ, махуэ, жэщ.

Хьэл-щэн къызэрыкIхэр: укIытэх, зыгъэгусэрей, жыIэдаIуэ, жыIэмыдаIуэ.

Бынунагъуэ: анэ, адэ, шыпхъу, дэлъху, анэшхуэ (нанэ), адэшхуэ(дадэ).

Адыгэ шхыныгъуэхэр: лэкъум, джэдлыбжьэ, пIастэ, дэлэн.

Щыгъынхэр: джанэ, гъуэншэдж, бостей, пщэдэлъ, Iэлъэ, цыджанэ.

Зыхуэпэным теухуа псалъэхэр: зыщытIэгъэн, лъытIэгъэн, зыщхьэрытIэгъэн, зыIэрытIэгъэн, зыдэлъхьэн.

Къабзагъэм ехьэла псалъэхэр: зытхьэщIын, лъэщIын, зыгъэпскIын, сабын, напэIэлъэщI.

Пхъэщхьэмыщхьэхэр: мыIэрысэ, кхъужь, балий ( и теплъэр, и IэфIагъыр, и плъыфэр)

ХадэхэкIхэр**:** бэдрэжан,нащэ, пхъы ( и теплъэр, и IэфIагъыр, и плъыфэр)

Унэ псэущхьэхэр: жэм, шкIэ, хьэ, хьэпшыр, джэду, джэду шыр, шы, шыщIэ.

Мэз псэущхьэхэр: бажэ, тхьэкIумэкIыхь, мыщэ.

Джэдкъазхэр: джэд, джэджьей, адакъэ.

Къуалэбзухэр**:** къуаргъ, тхьэрыкъуэ, бзугъуабжэ.

Хьэпщхупщхэр: хьэмбылу,  хьэндыркъуакъуэ.

IэщIагъэхэр**:** пщафIэ, дохутыр, гъэсакIуэ.

ЕтIуанэ гъэ еджэгъуэм къыщыщIэдзауэ егъэщIапхъэщ: къебжэкI, таурыхъ, рассказ, усэ хуэдэхэр. Мазэм кълриубыдэу зы таурыхъ, зы рассказ, зы усэ, зы къебжэкI цIыкIу къахуеджэн, усэ зэзыгъэщIэфым егъэщIэн.

## Дыкъэзыухъуреихь природэмрэ  экологическэ  гъэсэныгъэмрэ

ЕгъэджакIуэм сабийхэр иригъэсапхъэщ природэм  къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм гу лъатэфу, къэкIыгъэхэм, псэущхьэхэм пщIэ хуащIу, удз гэгъахэр ямыIутэу, жыг тхьэмпэхэр къыпамыфыщIыкIыу, къудамэхэр ямыкъутэу, хьэндырабгъуэхэр, цIывхэр, хьэмбылухэр ямыукIыу.

Сабийхэр щыгъуазэ щIыпхъэщ псэущхьэхэр къэхъун, къэкIыгъэхэм заужьын папщIэ, Iэмал имыIэу зыхуеинухэм (хуабапIэ, псы, шхын, нэху).

Сабийхэр зыщыпсэу щIыпIэм къыщыкI къэкIыгъэхэм къызэрыгуэкI дыдэу щыгъэгъуэзапхъэщ (жыгхэм, удз гъэгъахэм). Ахэр дидактическэ джэгукIэхэр ( «ПлIым языр лейщ», «Сыт хуэдэ жыгым и тхьэмпэ?») къэгъэсэбэпауэ егъэбыдылIэжыпхъэщ.

Гъэм и зэманхэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм къызэрыгуэкIыу щыгъэгъуэзэн: бжьыхьэм уэшх къошх, жыгхэм тхьэмпэхэр похуж; щIымахуэр щыIэщ, уэс куу телъщ; гъатхэм жыгхэм я гулъхэр къотIэпI, япэ удз гъэгъахэр къыхопщ, бзухэр къолъэтэж; гъэмахуэм дыгъэр гуащIэу къопс, пхъэщхьэмыщхьэр, хадэхэкIыр мэхъу, хьэпщхупщхэр куэдщ. А псоми уащыхутепсэлъыхькIэ къэгъэсэбэпыпхъэщ усэ, уэрэд, къуажэхь.

Унагъуэ псэущхьэхэмрэ абыхэм я шырхэмрэ (щIэжьейхэмрэ) зэхацIыхукIыфу,я цIэр къыбжаIэфу, щышхэкIэ кIэлъыплъыфу егъэсапхъэщ: жэм-шкIэ, бжэн-чыцI, шы-шыщIэ, хьэ - хьэпшыр, джэду - джэду шыр. Ахэм ягъэIу макъым гу лъегъэтапхъэщ (жэмыр - мэбу, бжэныр - мэчачэ, мэлыр -магъуэ).

Мэз псэущхьэхэм щыщу тхьэкIумэкIыхьыр, бажэр, мыщэр, нэгъуэщIхэри егъэцIыхун, яшхым, я теплъэм гу лъегъэтапхъэщ. А псори щебгъэбыдылIэжкIэ «Зоологическэ лото» джэгукIэр, нэрылъагъу пособиехэр къэбгъэсэб хъунущ.

### Илъэсым къриубыдэу егъэкIуэкIыпхъэ дерсхэр

| **Программэм къигъэув къалэнхэр** | **Дерс егъэкIуэкIыпхъэхэм я бжыгъэр** | | |
|---|---|---|---|
| Дыкъэзыхъуреййхэм щыгъэгъуэзэн: | I кв. | II кв. | III кв. |
| дунейм | 1 | 1 | 1 |
| Пкъыгъуэхэм (предметхэм) | 2 | 2 | 2 |
| природэм | 1 | 1 | 1 |

### Бзэм зегъэужьыныр:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Бзэм и макъхэр | 1 | 1 | 1 |
| Бзэр зэрызэпыщар | 1 | 1 | 1 |

### Адыгэ художественнэ тхыгъэхэм щыгъуазэ щIын:

| | | | |
|---|---|---|---|
| ЯжеIэжыпхъэхэр, къызыхуеджапхъэхэр: | 3 | 3 | 3 |
| ГукIэ зэрагъэщIапхъэхэр | 2 | 2 | 2 |

### Илъэсищ-плIы зи ныбжьхэм я махуэрыбжэ план

| **Мазэр** | **Темэр** | **Мурадыр** |
|---|---|---|
| **ФокIадэ** (2 тхьэмахуэ) | Сэлам ехыкIэ | Сэлам зэрызэрах псалъэхэр сабийхэм егъэщIэн, езыр-езыру зэрыгъэцIыхун, зэгъэсэн, зэдэгъэджэгун; «Адэ-мыдэ узогъаплъэ» джэгукIэр егъэщIэн. |
| (3 тхьэмахуэ) | ФIыщIэ зэращI псалъэхэр | Сэлам зэрызэрах псалъэхэр ягу къэгъэкIыжын,фIыщIэ зэращI псалъэхэр я бзэм къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн, «Адэ-мыдэ узогъаплъэ» джэгукIэр ягу къэгъэкIыжын, гъэджэгун. |
| Жэпуэгъуэ (1 тхьэмахуэ) | Сабий сад | Сабий садым яхутепсэлъыхьын: абы щылажьэхэр егъэцIыхун; абыхэм я лэжьыгъэм кIэлъыгъэплъын. «Саби сад» сюжетнэ-ролевой джэгукIэмкIэ гъэджэгун. |
| (2 тхьэмахуэ) | Зэрыджэгу хьэпшыпхэр | Зэрыджэгу хьэпшыпхэр егъэцIыхун: гуащэ,гущэ, гуащэ хьэпшып, топ, н.; «Iэбэдзыуэ» къебжэкI цIыкIур егъэщIэн,гъэджэгун: щыджэгукIэ зэрызэпсэлъылIэм кIэлъыплъын; я бзэм иIэ ныкъусэныгъэхэр къэхутэн. |

| | | |
|---|---|---|
| (3 тхьэмахуэ) | Къэжэр Петр “Псы цӏыкӏу” | Къэжэр Петр “Псы цӏыкӏу”: усэм къахуеджэн,едэӏуэфу егъэсэн; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын; макъзешэхэр къызэрапсэлъым кӏэлъыплъын. |
| (4 тхьэмахуэ) | Хадэхэкӏхэр | Хадэхэкӏхэр егъэцӏыхун:я цӏэр егъэщӏэн,жегъэӏэн; нэрылъагъу пособие къэгъэсэбэпын.«Хъуржын къуэлэн цӏыкӏу» джэгукӏэмкӏэ гъэджэгун. |
| **ЩакӀуэгъуэ** (1 тхьэмахуэ) | Пхъэщхьэ мыщхьэхэр | Пхъэщхьэмыщхьэхэр егъэцӏыхун:я цӏэр егъэщӏэн, жегъэӏэн, нэрылъагъу пособие къэгъэсэбэпын;сабийхэр,я бзэр зиужьын папщӏэ , нэхъыбэрэ гъэпсэлъэн.<br>«Хадэхэкӏ хьэмэрэ пхъэщхьэмыщхьэ?» джэгукӏэмкӏэ гъэджэгун. |
| (2 тхьэмахуэ) | Зыплъыхьакӏуэ. | Сабий садым и хъуреягъыр къегъэплъыхьын: ялъагъу зэхъуэкӏыныгъэхэм тегъэпсэлъыхьын;я бзэм зиужьын папщӏэ,нэхъыбэрэ гъэпсэлъэн. «Дзыгъуэ-джэду» гъэджэгун. |
| (3 тхьэмахуэ) | Пхытӏыкӏ Юрэ “Маринэ-гъыринэ” | Пхытӏыкӏ Юрэ “Маринэ-гъыринэ”:усэр гукӏэ егъэщӏэн, бзэм и макъхэр къызэрапсэлъым кӏэлъыплъын;<br>Маринэ и хьэл-щэным гу лъегъэтэн; «ӏэбэдзыуэ» къебжэкӏ цӏыкӏур ягу къэгъэкӏыжын. |
| **Дыгъэгъазэ** (1 тхьэмахуэ) | ЩӀымахуэ. | ЩӀымахуэ щыгъынхэр егъэцӏыхун:бэлъто, цыджанэ, гъуэншэдж, вакъэ хуабэ, пыӏэ; Зыхуэпэным теухуа псалъэхэр егъэщӏэн:зылъатӏагъэ, зыщатӏагъэ, зыщхьэратӏагъэ; ахэр я бзэм къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн. |
| (2 тхьэмахуэ) | Нало Заур “Балыджэ”. | Нало Заур ”Балыджэ”: таурыхъыр яжеӏэжын, дегъэхьэхын; нэрылъагъу пособие къэгъэсэбэпын. Таурыхъым хэт персонажхэм зэпегъэщӏыжын: нэхъыбэрэ гъэпсэлъэн. |
| (3 тхьэмахуэ) | Хьэщӏапӏэ. | «Нанэрэ дадэрэ деж хьэщӏапӏэ дыщыӀащ»:апхуэдэ псалъащхьэм щӏэту хъыбар цӏыкӏу зэхегъэлъхьэн;нанэ яхуипщэфӏ адыгэ шхыныгъуэхэр жегъэӏэн; я бзэм зиужьын папщӏэ нэхъыбэрэ гъэпсэлъэн.«Хьэщӏапэ» сюжетнэ-ролевой джэгукӏэмкӏэ гъэджэгун. |
| (4 тхьэмахуэ) | Илъэсыщӏэ. | Илъэсыщӏэ:абы теухуа псалъэмакъ(беседэ) ядегъэкӏуэкӏын; Жылэтеж С.”Илъэсыщӏэ”:усэр гукӏэ егъэщӏэн,псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. |

| | | |
|---|---|---|
| **ЩIышылэ**<br>(3 тхьэмахуэ) | Нало Заур<br>“Дыщэ джэдыкIэ | Нало Заур”Дыщэ джэдыкIэ”:таурыхъыр яжеIэжын, нэрылъагъу пособие къэгъэсэбэпын.Таурыхъхэм хэт персонажхэм зэпегъэщIыжын, тегъэпсэлъыхьыжын: сабийхэр, я бзэм зиужьын папщIэ,нэхъыбэрэ гъэпсэлъэн. |
| (4 тхьэмахуэ) | Жылэтеж С.<br>“Гуэгушыхъу”. | Жылэтеж С.”Гуэгушыхъу”:усэм къахуеджэн,едэIуэфу егъэсэн; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Макъ нэхъ къамыпсэлъыфхэр нэхъыбэрэ къегъэпсэлъын. |
| **Мэзае**<br>(1 тхьэмахуэ) | Бынунагъуэ | «Бынунагъуэ» сурэтымкIэ гъэлъжьэн:сурэтым щалъагъухэм я цIэр кърегъэIуэн; езыхэр я унагъуэм тегъэпсэлъыхьын, я бзэм зегъэужьын. «Унагъуэ» сюжетнэ-ролевой джэгукIэмкIэ гъэджэгун. |
| (2 тхьэмахуэ) | АфIэунэ Л.<br>“Щхьэнтэ” | АфIэунэ Л. «Щхьэнтэ»:усэр гукIэ егъэщIэн,псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын.<br>«Мэл щохъу» джэгукIэр ягу къэгъэкIыжын,гъэджэгун. |
| (3тхьэмахуэ) | Нало Заур<br>“Джэджьей цIыкIу”. | Нало З. «Джэджьей цIыкIу»: таурыхъым къахуеджэн, едэIуэфу егъэсэн; ин, цIыкIу,цIыкIунитIэ псалъэхэр я бзэм къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн. Джэджьей цIыкIум зыпегъэщIыжын,гъэджэгун. |
| (4 тхьэмахуэ) | Къэпщытэжы<br>ныгъэ. | Дерс блэкIахэр къэпщытэжын.Сабийхэм я псалъалъэм хагъэхъуар къэхутэн,егъэфIэкIуэн:къамыпсэлъыф макъхэм елэжьын,езыр-езыру зэгъэпсэлъылIэн; зыщыгъуазэ Iуэхугъуэхэм тегъэпсэлъыхьын;псалъэухар зэраухуэм кIэлъыплъын,ядэIэпыкъун. |
| **Гъэтхэпэ**<br>**(**1 тхьэмахуэ) | Ди Уэс Дадэр дэ<br>кIуа? | ЩIымахуэ икIым кIэлъыгъэплъын:уэсыр мэткIуж,псыхьэлыгъуэ мажэ, дунейр нэхъ хуабэ мэхъу; ахэр сабийхэм я бзэм къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн.«Ди Уэс Дадэр дэнэ кIуа?» сабийхэр гъэпсэлъэн,гъэджэгун. |
| **(**2 тхьэмахуэ) | Мамэхэм я<br>махуэр. | Мартым и 8-р Мамэхэм я махуэщ:абы теухуа псалъэмакъ сабийхэм ядегъэкIуэкIын. «Анэш нанэ» уэрэдыр егъэщIэн. |
| **(**3 тхьэмахуэ) | Бианки<br>В.”Бажэмрэ<br>Дзыгъуэ<br>цIыкIумрэ”. | Бианки В.”Бажэмрэ Дзыгъуэ цIыкIумрэ”:таурыхъым къахуеджэн,едэIуэфу егъэсэн; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. «Бажэ» джэгукIэмкIэ гъэджэгун. |
| **Мэлыжьыхь** | Плъыфэ | Плъыфэ къызэрыкI псалъэхэр егъэщIэн: плъыжь, |

| | | |
|---|---|---|
| (1 тхьэмахуэ) | къызэрыкl псалъэхэр. | гъуэжь.«Сыт хуэдэ плъыфэ?» джэгукlэмкlэ гъэджэгун. |
| (2 тхьэмахуэ) | Къаныкъуэ З. «Си нэ,си жьэ, си пэ”. | Къаныкъуэ З. «Си нэ, си жьэ,си пэ»:усэр гукlэ егъэщlэн. «Дэнэ щыlэ?» джэгукlэмкlэ гъэджэгун. |
| (3 тхьэмахуэ) | Унагъуэ псэущхьэхэр. | Унагъуэ псэущхьэхэр егъэцlыхун: нэрылъагъу пособие къэгъэсэбэпын. Мысачэ П. «Ди Хьэмыщэ»: усэм къахуеджэн,псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын;макъхэр къызэрапсэлъым кlэлъыплъын,егъэфlэкlуэн. |
| (4 тхьэмахуэ) | Журт Б. «Бажэмрэ Къазхэмрэ». | Журт Б. «Бажэмрэ Къазхэмрэ»: таурыхъым къахуеджэн, едэlуэфу егъэсэн; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын, персонажхэм яхутепсэлъыхьын. Нэхъыбэрэ къытезыгъэзэж макъхэр къызэрапсэлъым кlэлъыплъын. |
| **Накъыгъэ** (1 тхьэмахуэ) | Таурыхъыр ди хьэщlэщ. | «Джэджьей цlыкlу»:таурыхъыр къэпщытэжын, сурэтымкlэ гъэлэжьэн,я бзэм зегъэужьын.Таурыхъыр инсценировкэ егъэщlын. |
| (2 тхьэмахуэ) | Гъэ псом яджар къэпщытэжын. | Гъэ псом яджар къэпщытэжын. Сабийхэм я зэфlэкlыр къызэрапщытэ диагностикэ егъэкlуэкlын. |

| Илъэс бжыгъэр | Дерсхэр зэрекIуэкIыну зэманыр (дакъикъэр) | Тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэу егъэкIуэкIыпхъэ дерсхэр | Зы илъэсым къриубыдэ егъэкIуэкIыпхъэ сыхьэт бжыгъэр |
|---|---|---|---|
| 3 - 4 | 10 - 15 | 1 | 36 |

**Гъэм и кlэм сабийхэм яхузэфlэкlыпхъэр:**

-жыгыцlэу зытlущ ящlэу;
-унагъуэ псэущхьэхэмрэ мэз псэущхьэхэмрэ зэхацlыхукlыфу;
-дунейм и щытыкlэр къыбжаlэфу;
-къэзыухъуреихь пкъыгъуэхэр (предметхэр) зэхацlыхукlыфу (и теплъэкlэ, и инагъ-цlыкlуагъкlэ,и плъыфэкlэ);
-пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкlхэмрэ зэхагъэкlыфу;
-езыхэм гукъыдэж яlэу ялъэгъуамрэ ящlамрэ тепсэлъыхьыжыфу.

**Сабийхэр щытын хуейщ:**

-бзэм и макъхэр къабзэу къапсэлъыфу;
-упщlэ яхуэбгъэувам жэуап иратыфу;
-геометрическэ фигурэу хъурейр ящlэу;
-зыщыгъуазэ таурыхъхэм, рассказхэм ,усэхэм яфlэгъэщlэгъуэну едэlуэфу;

-зыщыгъуазэ таурыхъым щыщ lыхьэ инсценировкэ ящlыфу(егъэджакlуэр ядэlэпыкъупхъэщ);
-тхылъым ит сурэтхэмрэ егъэджакlуэм и упщlэхэмрэ къагъэсэбэпурэ зыщыгъуазэ тхыгъэхэм тепсэлъыхьыжыфу;
-усэ, къебжэкl цlыкlу гукlэ къыбжаlэжыфу (мащlэ дыдэу удэlэпыкъуми ягъэ кlынукъым);

## ИлъэсиплI-тху зи ныбжьхэм папщIэ программэ

ИлъэсиплI-тху зи ныбжь сабийхэм я бзэр къулей щIынымкIэ, зегъэужьынымкIэ, адыгэбзэм макъ псори дертыншэу (никъусаныгъэншэу) къапсэлъыфу егъэсэнымкIэ, я псэлъэкIэр литературэбзэм хуэшэнымкIэ , дыкъэзыухъуреихь дунейм хищIыкIыр нэхъ куу щIынымкIэ къэув къалэнхэр:

- псэлъэнымкIэ яIэ зэфIэкIыр убзыхун, хэгъэхъуэн икIи я бзэм псалъэ нэхъыбэ къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн;
- адыгэбзэм и макъ псори псалъэхэм къабзэу къыщапсэлъыфу, щагъэIуфу егъэсэн;
- литературэбзэм темыхуэу сабийхэм я бзэм дызыщрихьэлIэ диалект псэлъэкIэр зэрыгъэкIуэдыным иужь итын;
- сабийр псалъэмакъ екIуэкIым хэтыфу, гъэсакIуэм игъэува упщIэм жэуап иратыфу,езыхэми упщIэ ягъэувыфу егъэсэн;
- щыпсалъэкIэ мыпIащIэу, гурыIуэгъуэу, егупсысауэ псэлъэфу егъэсэн;
- я бзэр къулей хъун папщIэ, зы сурэт е сурэт зыбжанэ къагъэсэбэпурэ жьэрыIуатэу рассказ цIыкIу зэхалъхьэфу егъэсэн;
- адыгэ IуэрыIуатэм щыщ Iыхьэхэм щыгъуазэ щIын;
- дыкъэзыхъурейхь  дунейм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм гу лъатэфу егъэсэн;
- предметхм я цIэр къраIуэфу, хэт? сыт? упщIэхэр къагъэсэбэпыфу егъэсэн;
- есэпымкIэ щIэныгъэ етын;
- экологическIэ гъэсэныгъэ ябгъэдэлъхьэн;
- патриотическэ гъэсэныгъэ етын;
- сабийхэм дерсыр нэхъ гъэщэгъуэн ящыхъун папщIэ, нэрылъагъу пособиехэр, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къэгъэсэбэпын.

## Бзэм зегъэужьын

Дыкъэзыухъурейхь дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэм гу лъегъэтэн, езыр-езыру абыхэм тегъэпсэлъыхьыжын, гу зылъамытэу къэнахэмкIэ ядэIэпыкъун.

Щыджэгу пэшым щIэлъ предметхэм я цIэхэр егъэщIэн, ахэр зэпегъэплъыхьын, я зэхэлъыкIэр, плъыфэр, я теплъэр къыбжаIэфу егъэсэн. Сабийхэм къыжаIэжым едэIуэн, бзэм макъхэр къызэрапсэлъым, псалъэухар зэраухуэм кIэлъыплъын, мытэмэму къапсэлъ макъхэм елэжьын.

Сабийхэм я бзэм зегъэужьын папщIэ езыхэр гуапэу зэхущыту, зэдэджэгуфу, зэпсэлъылIэфу егъэсэн.

**Псалъалъэм хэгъэхъуэн**

Сабийхэм я псалъалъэр нэхъ къулей щIын папщIэ я зэфIэкIыр къэхутэн, я бзэм предметхэм я цIэр къыщагъэсэбэпыфу, абыхэм я пкъыгъуэхэм, Iыхьэхэм, плъыфэхэм, тепсэлъыхьыфу егъэсэн.

Сабийхэм я псалъалъэр нэхъ къулей щIын папщIэ лэжьыгъэ къэзыгъэлъагъуэ глаголхэр (мажэ, къежыхь,мэлажьэ) бзэм къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн.

Предметыр здэщылъ, здэщыт, здэгъэза лъэныкъуэр ( щхьэмкIэ, и лъабжьэмкIэ,и бгъумкIэ, и щIыбагъымкIэ, и гупэмкIэ) къыбжаIэфу егъэсэн.

Бзэм къыщагъэсэбэпыфын: зэпэщIэуэ мыхьэнэ къызэрыкI псалъэхэр ( хужь — фIыцIэ, щIыIэ — хуабэ, н.). КъызэщIэзыубыдэ мыхьэнэ къызэрыкI щыIэцIэхэр (пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI, унагъуэ хьэпшып, н.) бзэм къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн.

**Бзэм и макъхэр**

Бзэм и макъ псори псалъэхэм щызэхамыгъэзэрыхьу тэмэму къапсэлъыфу егъэсэн. Артикуляционнэ аппаратым зегъэужьын.

Сабийхэм я псэлъэкIэм кIэлъыплъын, псалъэхэр, псалъэ зэпыщIахэр къабзэу къапсэлъыфу, и мыхьэнэр къагурыIуэу егъэсэн.

Макъ ептар псалъэхэм щызэхахыу, къыхацIыхукIыфу, къыбжаIэфу егъэсэн.

**Бзэм и грамматическэ ухуэкIэр**

ПсалъэмкIэ яIэ гурыIуэныгъэр къэхутэн. Псалъэр къагъэсэбэпу псалъэуха зэхалъхьэфу егъэсэн. Псалъэуха щаухуэкIэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэр тэмэму къагъэсэбэпыфу егъэсэн. Куэд бжыгъэм иту щыIэцIэхэр къапсэлъыфу, зыхуей падежым ирагъэувэфу егъэсэн.

**Бзэр зэрызэпыщIар**

Диалогическэ бзэр егъэфIэкIуэн: сабийхэр псалъэмакъ екIуэкIым хэтыфу, гурыIуэгъуэу псэлъэфу, упщIэ яхуэбгъэувам тэмэму жэуап къратыжыфу, езыхэми упщIэ къуатыфу егъэсэн.

Сурэт цIыкIухэр къагъэсэбэпурэ хъыбар кIэщI зэхегъэлъхьэн, гъэм и кIэм монологическэ бзэм хуэшэн, таурыхъ ящIэхэм хэт персонажхэм запегъэщIыжын, я бзэм зегъэужьын. Бзэ зэпыщIакIэ псэлъэфу егъэсэн.

Нэхъыжьхэм епсэлъылIэну гукъыдэж етын.

Сабийхэм анэдэлъхубзэр фIыуэ егъэлъэгъуным пыщэн: таурыхъхэм, псысэхэм, рассказхэм едэIуэфу, ар яфIэгъэщIэгъуэну, абыхэм хэт лIыхъужьхэм я хьэл-щэнхэм гу лъатэфу егъэсэн. Усэ цIыкIу гукIэ зэрагъэщIэным хущIэкъуу я бзэм дегъэхьэхын.

**Илъэсым кърикубыдэу екIуэкIыпхъэ дерсхэр**

| Программэм къигъэув къалэнхэр | Дерс егъэкIуэкIыпхъэм я бжыгъэр | | |
|---|---|---|---|
| | I кв. | II кв. | III кв. |
| Дыкъэзыхъурейхь дунейм щыгъуазэ щIын | 2 | 2 | 2 |
| Къэзыухъурейхь предметхэр | 2 | 2 | 2 |
| природэр | 2 | 2 | 3 |
| **Бзэм зегъэужьыныр:** | | | |
| Псалъалъэм хэгъэхъуэныр, бзэм и грамматическэ | 1 | 1 | 1 |
| Бзэм и макъхэр | 4 | 3 | 3 |
| Бзэр зэрызэпыщIар | 3 | 3 | 4 |
| **Адыгэ художественнэ тхыгъэхэм щыгъуазэ щIын:** | | | |
| ЯжеIэжыпхъэ, | 7 | 6 | 6 |
| гукIэ зэрагъэщIапхъэхэр | 4 | 3 | 4 |

**Илъэсипл1-тху зи ныбжьхэм папщIэ махуэрыбж план**

| мазэр | Темэр: | Мурадыр: |
|---|---|---|
| **ФокIадэ**<br>(1 тхьэмахуэ) | 1 Сэлам ехыкIэ. | Сэлам зэрызэрах псалъэхэр къэпщытэжын. Сабийхэр езыр-езыру зэрыгъэцIыхун, зэгъэсэн, зэдэгъэджэгун. «Хэтми къащIэ?» джэгукIэмкIэ гъэджэгун. |
| | 2 Бжьыхьэ. | Бжьыхьэм теухуа гурыIуэныгъэ етын: зэхъуэкIыныгъэ ялъагъухэр жегъэIэн,я псалъалъэм хэгъэхъуэн, бжьыхьэ лэжьыгъэхэм щыгъуазэ щIын. «Гъатхэм жеяр бжьыхьэм мэгъыж»: псалъэжьыр егъэщIэн. |
| (2 тхьэмахуэ) | 1 Къэрмокъуэ Хь. «Бажэмрэ Щыхьымрэ» | Таурыхъым къахуеджэн, едаIуэфу егъэсэн; зэхах бзэр къазэрыгурыIуэр къэхутэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын, купщIэ нэхъыщхьэр къыхахыфу егъэсэн; таурыхъым хэт персонажхэм тегъэпсэлъыхьын, я бзэр нэхъ къулей щIын. |

| | | |
|---|---|---|
| | 2Пхъэщхьэмыщхьэхэр | «Пхъэщхьэмыщхьэхэр»: къэlуэтэныгъэ (описательный) рассказ зэхегъэлъхьэн; рассказыр къызэраlуатэ планым тету къаlуэтэжыфу егъэсэн. «Сэ къыщlэздзэнщ, фэ пыфщэ» джэгукlэмкlэ гъэджэгун. |
| (3 тхьэмахуэ) | 1Тоз.Ф. «Хьэфэ топ» | Усэр гукIэ егъэщIэн, псалъэ нэхъ гугъухэмелэжьын; усэр ягу ираубыдэфу, гъэхуауэ жаIэжыфу егъэсэн. |
| | 2 Макъ «б», «п». | Макъ «б», «п»-р зэхэщIыкIыгъуэу къапсэлъыфу егъэсэн: а макъыр хэту псалъэ къагупсысыфын. «Псалъэрыджэгу» гъэджэгун. |
| (4 тхьэмахуэ) | 1 «ЩIакхъуэр псом я щхьэщ» | ЩIакхъуэр махуэ къэс къэдгъэсэбэп шхыныгъуэу зэрыщытыр ягу къэгъэкIыжын, щIакхъуэ зэмылIэужьыгъуэ хьэжыгъэм къыхащIыкIхэм яхутепсэлъыхьын. |
| | 2Къэпщытэжыныгъэ. | «еlуси къащlэ», «И lэфlагъкlэ къащlэ».дид. джэгукlэхэмкlэ гъэджэгун. Пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкlхэмрэ теухуауэ ящlэр къэпщытэжын |
| **Жэпуэгъуэ** (1 тхьэмахуэ) | 1.Плъыфэхэр. | Плъыфэхэр егъэцlыхуным пыщэн: плъыжь гъуэжь,удзыфэ,хужь;ахэр зэхагъэкlыфу егъэсэн. «Сыт хуэдэ плъыфэ?» джэгукlэмкl гъэджэгун. |
| | 2. Къабзагъэр узыншагъэ | «Къабзагъэр узыншагъэщ»: сурэтымкlэ рассказ кlэщl цlыкlу зэхегъэлъхьэн; езыхэ я узыншагъэм зэрыкlэлъыплъыр жегъэlэн; бзэм зиужьын папщlэ нэхъыбэрэ гъэпсэлъэ «Дохутыр» сюжетнэ-ролевой джэгукlэмкlэ гъэджэгун. |
| (2 тхьэмахуэ) | 1.К1эщт М. «Шырэ» | Усэм къахуеджэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын;макъ нэхъ къатехьэлъэхэр нэхъыбэрэ къегъэпсэлъын. |
| | 2.1уэры1уатэ «Пц1ащхъу ц1ык1у» | Таурыхъым къахуеджэн, купщ1э нэхъыщхьэр къагурыгъэ1уэн; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын; я бзэм зиужьын |

| | | |
|---|---|---|
| | | папщ1э , нэхъыбэрэ гъэпсэлъэн. Таурыхъым ехьэл1а псалъэжь егъэщ1эн: «Ф1ым ф1ы къыпок1уэри , 1ейм 1ей пок1уэ». |
| **(**3 тхьэмахуэ**)** | 1.Макъ «б»- «п»-рэ. | Егъэбыдыл1эжын: псалъэми, пычыгъуэми къыщегъэгъуэтын ,щегъэгъэ1ун. Макъхэр хэту усэ е псынщ1эрыпсалъэ егъэщ1эн. |
| | 2.ТепӀэнщӀэлъынхэр. | ТепӀэнщӀэлъынхэр егъэцӀыхун: уэншэку, шхыӀэн,щхьэнтэ,н.ТепӀэнщӀэлъыныр къызыхащӀыкӀа материалым щыгъэгъуэзэн |
| **(**4 тхьэмахуэ) | АфӀэунэ Л.<br>“Ди Ӏэуа”. | АфӀэунэ Л. «Ди Ӏэуа»: усэр гукӀэ егъэщӀэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын; макъхэр къызэрапсэлъым кӀэлъыплъын. «Ӏэбэдзыуэ» къебжэкӀ цӀыкӀумкӀэ гъэджэгун. |
| | 2.1уэры1уатэ «Пц1ащхъуэ ц1ык1у» | Таурыхъыр къэпщытэжын; я бзэм зэрызиужьым к1элъыплъын, зэ зэхахар ягу зэрыраубыдар къэхутэн, егъэф1эк1уэн. |
| **щакӀуэгъуэ**<br>(2 тхьэмахуэ) | 1.ПхытӀыкӀ Ю.<br>«Джэджьей шхэкӀэ». | ПхытӀыкӀ Ю. «Джэджьей шхэкӀэ»: усэм къахуеджэн,псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын я бзэм зегъэужьын. Макъ нэхъ къехьэлъэкӀхэр нэхъыбэрэ къегъэпсэлъын. |
| | 2. Къэрмокъуэ Хь.<br>«Хьэмрэ Мыщэмрэ». | Къэрмокъуэ Хь. «Хьэмрэ Мыщэмрэ»: таурыхъыр къэпщытэжын,езыр-езыру къегъэӀуэтэжын,я псалъэухар зэраухуэм кӀэлъыплъын. Я псалъалъэм хэхъуар къэхутэн, егъэфӀэкӀуэн. |
| **(3тхьэмахуэ)** | Макъ «в» - «ф»-р | Псалъэхэм щызэхац1ыхук1ыфу егъэсэн.А макъхэр псалъэм и пэм , и кум, и к1эм, (вынд , двaщ, ц1ыв, фащэ, тафэ, хьэрф) хэту къагупсысыфу, къагъуэтыжыфу, ягъэ1уфу егъэсэн. «Псалъэрыджэгу» гъэджэгун. |
| | **2.** «Къуалэбзухэр» | Сурэтымк1э гъэлэжьэн ,рассказ к1эщ1 ц1ык1у зэхегъэлъхьэн, я бзэм зегъэужьын. Щ1ымахуэр ди щ1ып1эм щизых бзухэр |

| | | |
|---|---|---|
| | | егъэц1ыхун: къуаргъ, тхьэрыкъуэ, бзугъуабжэ, н. |
| (4 тхьэмахуэ) | 1. ПхытIыкI Ю. «Сыт джэдыр щIэкъакъэр?» | ПхытIыкI Ю. «Сыт джэдыр щIэкъакъэр?»: усэр гъэхуауэ гукIэ къеджэфу егъэщIэн, псалъэ нэхъ гъгъухэм елэ жьын; я бзэм зиужьын папщIэ,усэр упщIэкIэ зэпкърахыф егъэсэн. Макъ нэхъ къехьэлъэкIхэр нэхъыбэрэ къегъэпсэлъын. |
| | 2.Къэрмокъуэ Хь. «Хьэмрэ Мыщэмрэ». | Къэрмокъуэ Хь. «Хьэмрэ Мыщэмрэ»: таурыхъыр къэпщытэжын,езыр-езыру къегъэIуэтэжын,я псалъэухар зэраухуэм кIэлъыплъын. Я псалъалъэм хэхъуар къэхутэн, егъэфIэкIуэн. |
| **Дыгъэгъазэ** (1 тхьэмахуэ) | Унэлъащlэхэр. | Унэлъащlэхэр егъэцIыхуным пыщэн: шэнт ст1ол, диван, гъуэлъыпIэ,н. «Сыт къызыхэщIыкIар?» джэгукIэмкIэ гъэджэгун |
| | Унагъуэ псэущхьэхэр. | «Унагъуэ псэущхьэхэр»: сурэтымкIэ гъэлэжьэн,щалъагъу псори жегъэIэн,щапхъ ирагъэлъэгъуам тету рассказ цIыкIу зэхегъэлъхьэн, я псалъэмакъым кIэлъыплъын,я бзэм зегъэужьын. КъапыкI хьерым щыгъэгъуэзэн. |
| (2 тхьэмахуэ) | 1.Уэрэзей А. «Бжэк1э зызогъасэ» | Усэм къахуеджэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын, упщ1эк1э зэпкърегъэхын, я бзэм зегъэужьын. Бзэм и макъ нэхъ къехьэлъэк1хэр нэхъыбэрэ къегъэсэбэпын. |
| | 2.Къэрмокъуэ Хь. «1эмалищэрэ зырэ» | Таурыхъыр яже1эжын, едэ1уэфу егъэсэн; егъэлеиныгъэ хэлъым яхутепсэлъыхьын. Таурыхъым хэт персонажхэм оценкэ ирегэтын. |
| (3 тхьэмахуэ) | Макъ «в» - «ф»-р | Псалъэхэм щызэхац1ыхук1ыфу егъэсэн.А макъхэр псалъэм и пэм , и кум, и к1эм, (вынд , дващ, ц1ыв, фащэ, тафэ, хьэрф) хэт къагупсысыфу, къагъуэтыжыфу, ягъэ1уфу егъэсэн. «Псалъэрыджэгу» гъэджэгун. |
| | Мэз псэущхьэхэр. | Мэз псэущхьэхэр егъэцIыхуным пыщэн: |

| | | |
|---|---|---|
| | | бажэ,дыгъужь,мыщэ.н. ЩIымахуэм зэрызыхуагъэхьэзырым яхутепсэлъыхьын. |
| (4 тхьэмахуэ) | 1.Къэжэр П.<br>“Илъэсыщlэ”. | Къэжэр П. «Илъэсыщlэ»: усэр гъэхуауэ гукlэ къыбжаlэжыфу егъэщlэн. Макъ нэхъ къегугъуэкlхэр нэхъыбэрэ къегъэпсэлъын. |
| | 2.Къэрмокъуэ Хь. «1эмалищэрэ зырэ» | Таурыхъыр къэпщытэжын, езыр- езыру къегъэ1уэтэжын, я бзэм зэрызиужьам к1элъыплъын, зэ жа1ам къытрамыгъэзэжу, бзэ гъэщ1эрэщ1ак1э псэлъэфу егъэсэн. |
| **ЩIышылэ**<br>(3 тхьэмахуэ) | 1.Макъ «д» - «т» -хэр. | Макъ «д» - «т» -хэр зэхэщlыкlыгъуэу къапсэлъыфу егъэсэн: **д**у, уа**д**э, шы**д**; **т**анэ, ша**т**э, шэн**т**. «Псалъэрыджэгу» -гъэджэгун. |
| | 2.Си къуажэр,къалэр. | «Си къуажэр,къалэр» щыпсэу къуажэм, къалэм, зытес уэрамым я цlэр егъэщlэн. Къыщалъхуа щlыпlэр фlыуэ ялъагъуу, пщlэ хуащlу къэгъэтэджын. |
| (4 тхьэмахуэ) | 1ут1ыж Б. «Кхъы1э ,и1э» | Усэр джэгум хэтурэ егъэщ1эн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын, макъ нэхъ къатехьэлъэхэр нзхъыбэрэ къегъэпсэлъын. «Дыгъужьыжь» джэгук1эмк1э гъэджэгун. |
| | Хьэцlыкlу Хь. «Дыгъужьыжьымрэ<br>Хъыджэбз цlыкlумрэ». | Хьэцlыкlу Хь. «Дыгъужьыжьымрэ<br>Хъыджэбз цlыкlумрэ»: таурыхъым къахуеджэн, купщlэ нэхъыщхьэр къыхахыфу,зэ жаlам къытрамыгъэзэжу,езыр-езыру таурыхъым тепсэлъыхьыжыфу егъэсэн. Хъыджэбз цlыкlум и хьэл-щэным гу лъегъэтэн, тегъэпсэлъыхьын. |
| **Мэзае**<br>(1 тхьэмахуэ**)** | 1. Щ1ымахуэ щыгъынхэр | Щ1ымахуэ щыгъынхэр егъэц1ыхун: зыщыт1агъэ, зыщхьэрыт1агъэ, зылъыт1агъ псалъэхэр я бзэм къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн. Щыгъынхэр къызыхэщ1ык1а щэк1ым яхутепсэлъыхьын. |
| | 2. Динэ ц1ык1ур ди хьэщ1эщ. | Псалъащхьэм щ1эту рассказц1ык1у зэхегъэлъхьэн; хьэщ1эр къегъэблэгъэн, шэ етын , гъэшхэн,гъэжеин. Нало З. «Ло,ло,ло |

| | | |
|---|---|---|
| | | гущэкъу уэрэдыр къэпщытэжын, гъэджэгун. |
| ( 2 тхьэмахуэ) | «Адакъэ хахуэ». | «Адакъэ хахуэ»: таурыхъым едаIуэу, зытеухуар къыбжаIэжыфу егъэсэн. Таурыхъым хэт персонажхэм тегъэпсэлъыхьын: я бзэм зегъэужьын. |
| | Хьэх С. «Си Сабинэ». | Усэм къахуеджэн, едэ1уэфу егъэсэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Макъ нэхъ къегугъуэк1хэр нэхъыбэрэ къегъэпсэлъын. |
| Мэзае<br>(3 тхьэмахуэ) | 1.Макъ «д» - «т» -хэр. | Макъ «д» - «т» -хэр егъэбыдыл1эжын: ахэр хэту псалъэ къегъэгупсысын, зыхамыгъэзэрыхьу псалъэхэм къыщегъэгъуэтын, щегъэгъэ1ун. А макъхэр хэту псынщ1эрыпсалъэ егъэщ1эн, жегъэ1эн. |
| | 2.ЩIымахуэ. | ЩIымахуэ икIым кIэлъыплъын: зэхъуэкIыныгъэхэм гу лъегъэтэн, тегъэпсэлъыхьын, я бзэм зегъэужьын. «Ди уэс Дадэр дэнэ кIуа?» джэгукIэм сабийхэр гъэджэгун. |
| ( 4 тхьэмахуэ) | Хьэх С. «Уэс къос». | Хьэх С. «Уэс къос»: усэр гукIэ егъэщIэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Макъхэр къызэрапсэлъым кIэлъыплъын, егъэфIэкIуэ |
| | «Адакъэ хахуэ»<br>таурыхъ. | «Адакъэ хахуэ»: таурыхъыр езыр-езыру къызэрапщытэжыфым кIэлъыплъын, я бзэм зэрызиужьар къэхутэн егъэфIэкIуэн. Таурыхъыр инсценировкэ егъэщIын: я бзэм зегъэужьын, я псалъалъэм хэгъэхъуэн. |
| **Гъатхэпэ**<br>(1 тхьэмахуэ) | Мартым и 8-р. | Мартым и 8-р ЦIыхубзхэм я махуэщ: абы теухуа псалъэмакъ сабийхэм ядегъэкIуэкIын. Макъ. Жылау А., пс. Къэзан Ф. «Мамэ»:уэрэдыр егъэщIэн, жегъэIэн. |
| | Пощтзехьэ 1эщ1агъэ. | Пощтзехьэ 1эщ1агъэм щыгъуазэ щ1ын: пощтзехьэм и къалэным хыхьэхэр яже1эн, псалъалъэм хэгъэхъуэн. «Пощтэ» сюжетнэ |

| | | |
|---|---|---|
| | | ролевой джэгук1эмк1э гъэджэгун. |
| **(2 тхьэмахуэ)** | АфIэунэ Л.<br>«УатIэ цIыкIу» | АфIэунэ Л. «УатIэ цIыкIу»: усэм къахуеджэн, едэIуэфу егъэсэн; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын, упщIэкIэ зэпкърегъэхын. Макъхэр къызэрапсэлъым кIэлъыплъын: нэхъ къатехьэлъэ макъхэр нэхъыбэрэ къегъэпсэлъын. |
| | К1эрашэ Т., Акъсырэ З. «Адакъэ къэрабгъэ» | Таурыхъым къахуеджэн , едэ1уэфу егъэсэн нэхъ ягу ирихьа пычыгъуэхэм тегъэпсэлъыхьыжын. «Бгъэжьымрэ Адакъэмрэ»джэгук1эмк1э гъэджэгун. |
| (3 тхьэмахуэ) | Макъ «ж»- «ш»-хэр | Макъхэр зэхэщ1ык1ыгъуэу псалъэмщызэхахыу егъэсэн: псалъэм и пэм и кум , и к1эм , (жэщ, мажэ, гъубж, шэ, уэшх, анэш ) къыщагъуэтыфу , щагъэ1уфу егъэсэн. Псалъэрыджэгу гъэджэгун. |
| | Адыгэ шхыныгъуэхэр. | Адыгэ шхыныгъуэхэр егъэцIыхуным пыщэн: джэдлыбжьэ, пIастэ, лэкъум, дэлэн псыхьэлывэ, хьэнтхъупс, н. «ПщэфIапIэ» джэгукIэмкIэ гъэджэгун. |
| **Мэлыжьыхь**<br>(1 тхьэмахуэ) | Хьэкъущыкъухэр. | Хьэкъущыкъухэр егъэцIыхуным пыщэн: фалъэ, тепщэч, шейщIэт, бжэмыщх,шейнык,н. «Сыт къызыхэщIыкIар?" джэгукIэмкIэ гъэджэгун |
| | Тыкуэнтет. | Тыкуэнтет 1эщ1агъэм щыгъуазэ щ1ын:хьэпшып , ахъшэ , тыкуэнтет- псалъэхэм къик1 мыхьэнэр егъэщ1эн,я псалъэлъэм хэгъэхъуэн. «Хьэпшып щащэ тыкуэн» сюжетнэ-ролевой джэгук1эмк1э гъэджэгун. |
| (2тхьэмахуэ) | Нало З. «Гъэрэ щ1ырэ зэхок1ыр» | Усэр гук1э егъэщ1эн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Гъэм и зэманхэм къызэрыгуэк1 дыдэу щыгъуазэ щ1ын. «Щ1ымахуэ хьэмэрэ гъатхэ?» джэгук1эмк1э гъэджэгун. |
| | Таурыхъ. ХьэцIыку Хь. «Дыгъужьыжьымрэ | Таурыхъыр къэпщытэжын; купщIэ нэхъыщхьэр къегъэгъуэтын, лIыхъужьхэм |

| | | |
|---|---|---|
| | Хъыджэбз цӀыкӀумрэ» | оценкэ ирегъэтын. Таурыхъым хэт персонажхэм тегъэпсэлъыхьын: я бзэм зегъэужьын. |
| Мэлыжьыхь (3 тхьэмахуэ) | Макъ «ж»-«ш»-хэр | Макъ «ж»-«ш»-хэр егъэбыдыл1эжын: псалъэхэм щызэхахыу, зэхэщ1ык1ыгъуэу къыщегъэпсэлъын, а макъхэр хэту псалъэ къагупсысыфу егъэсэн. Псалъэрыджэгу гъэджэгун. |
| | Гъатхэ. | Гъатхэм теухуа псалъэмакъ сабийхэм ядегъэкӀуэкӀын: ихъуреягъкӀэ щхъуантӀэ зэрыхъуам тегъэпсэлъыхьын, я бзэм зегъэужьын. Япэ къэгъагъэ-къэтӀэпӀ жыгхэр егъэцӀыхун: балий, хуэрэджей, пхъэгулъей. |
| (4 тхьэмахуэ) | Къэрэмырзэ Ю. «Жьынду». | Къэрэмырзэ Ю. «Жьынду»: усэр гукӀэ егъэщӀэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. «Жьынду» джэгукӀэмкӀэ гъэджэгун. |
| | Таурыхъ. | ХьэцӀыку Хь. «Дыгъужьыжьымрэ Хъыджэбз цӀыкӀумрэ»: таурыхъыр къэпщытэжын; я псалъалъэм хэхъуахэр къэхутэн, егъф1эк1уэн. Нэхъ ягу ирихьа пычыгъуэхэм тегъэпсэлъыхьын: я бзэм зегъэужьын. |
| **Накъыгъэ** (1 тхьэмахуэ) | Бзэм и макъхэр. | Бзэм и макъ зэрагъэщӀахэр къэпщытэжын: б-п,в-ф,ж-ш,з-с. Псалъэрыджэгу гъэджэгун |
| | Усэхэр , таурыхъхэр. | Усэхэр , таурыхъхэр къэпщытэжын: я псалъалъэм хагъэхъуар къэхутэн , егъэф1эк1уэн. Бзэм и макъхэр къызэрапсэлъым , я псалъэухар зэраухуэм к1элъыплъын. |
| (2 тхьэмахуэ) | Яджам къытегъэзэжын. | Усэхэр, таурыхъхэр къэпщытэжын: я псалъалъэм хагъэхъуар къэхутэн, егъэфӀэкӀуэн. Бзэм и макъхэр къызэрапсэлъым,я псалъэухар зэраухуэм кӀэлъыплъын. |
| (3 тхьэмахуэ) | Яджам къытегъэзэ | Сабийхэм я зэфӀэкӀыр къызэрапщытэ |

| | | |
|---|---|---|
| | жын. | диагностикэ егъэкIуэкIын. |

**Гъэм и кIэм сабийхэм яхузэфIэкIыпхъэр:**

- унагъуэ псэущхьэхэр яцIыхуу (къапыкI хьерыр);
- мэз псэущхьэхэу 2-3 ящIэу (абыхэм я псэукIэр);
- щыпсэу къалэм, къуажэм и цIэр ящIэу;
- жыгыцIэу 2-3- ящIэу;
- къуалэбзу 2-3-м зэреджэр ящIэу;
- гъэм и зэманхэм къызэрыгуэкIыу щыгъуазэу.

**Сабийхэр щытын хуейщ:**

- къыдалъхуа бзэм и макъ псори къабзэу къапсэлъыфу;
- я псалъэмакъым IэщIагъэ къызэрыкI псалъэхэр къыщагъэсэбэпыфу;
- зы псалъэкIэ къапсэлъ щыIэцIэхэр ящIэу: хадэхэкIхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, н.
- литературнэ текст мыинхэр къыбжаIэжыфу;
- сюжет зиIэ сурэткIэ, зэрыджэгу хьэпшыпкIэ рассказ цIыкIу зэхалъхьэфу;
- къэзыухъуреихь предмет зэмылIэужьыгъуэхэм я цIэхэр къыбжаIэфу, къызэрагъэсэбэпыр, къызыхэщIыкIар ящIэу;
- яфIэгъэщIэгъуэну сурэт зэрыт тхылъ цIыкIухэм еплъыфу;
- фIыуэ ялъагъу таурыхъыр къыбжаIэфу, усэ цIыкIу, къебжэкI цIыкIу къеджэфу(гукIэ);
- зыщыгъуазэ тхыгъэхэм теухуа упщ1эхэм жэуап къратыжыфу «Фигу ирихьа тхыгъэр?», « Сыт нэхъ фигу ирихьар, сыт щхьэкIэ?», «Сыт хуэдэ Iыхьэм сыкъыфхуеджэн иджыри?»
- таурыхъ цIыкIу инсценировкэ ящIыфу (егъэджакIуэр дэIэпыкъупхъэщ)

| Илъэс бжыгъэр | Дерсхэр зэрекIуэкIыну зэманыр (Дакъикъэр) | Тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэу егъэкIуэкIыпхъэ дерсхэр | Зы илъэсым къриубыдэу егъэкIуэкIыпхъэ сыхьэт бжыгъэр |
|---|---|---|---|
| 4-5 | 15-20 | 2 | 72 |

**Илъэситху – хы зи ныбжьхэм папщIэ программэ**

А ныбжьым ит сабийхэм я бзэр къулей щIынымкIэ, зегъэужьынымкIэ, бзэм и макъ псори къабзэу къапсэлъыф хъунымкIэ, я псэлъэкIэр литературэбзэм хуэшэным, дыкъэзыухъуреихь дунейм хащIыкIыр нэхъ куу щIынымкIэ къэув къалэнхэр:

- зыщыпсэу къэралыр, къэралым игъэува цIыхубэ махуэшхуэхэм (Мартым и 8-м, Майм и 9-м, Февралым и 23-м, ИлъэсыщIэм) теухуауэ гурыIуныгъэ етын.Къэралыр, абы и къалэ нэхъыщхьэр, къыщалъхуа республикэр, абы и къалэ нэхъыщхьэр фIыуэ илъагъуу, пщIэ хуащIу сабийхэр къэгъэтэджын;

- дыкъэзыухъуреихь предметхэм, псэущхьэхэм, къэкIыгъэхэм,теухуауэ ящэ псори къэхутэн, икIи абыкIэ щIэныгъэ куу етын;

- экологическэ культурэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ гъэсэныгъэ етын;

- есэпымкIэ ящIэм пыщэн;

- дыкъэзыухъуреихь дунейм щалъагъу псоми кIэлъыплъыфу, зэрагъэпщэфу, зэщхьхэр къыхахыфу, абыхэм тепсэлъыхьыжыфу, оценкэ иратыфу егъъэсэн;

- бзэм и лъэныкъуэ псори егъэфIэкIуэн: бзэм и макъхэр щызэхахыу, къыщапсэлъыфу, а макъыр здэщыт пычыгъуэр къагъуэтыфу егъэсэн;сабийхэм я псалъалъэм нэхъ зегъэубгъун, къулей щIын, хуэм-хуэмурэ монологическэ бзэм хуэшэн; упщIэ яхуэбгъэувам кIэщI дыдэу, мыпIащIэу, егупсысауэ жэуап иратыфу егъэсэн;

- я кум зэгурыIуэныгъэ, пщIэ, нэмыс дэлъу къэгъэтэджын;

- абийхэм я акъылым, гулъытэм зегъэужьын, кърагъэжьа лэжьыгъэр и кIэм нагъэсыфу, ар зыхуей хуагъэзэфу егъэсэн;

- ялъагъу дахагъэр зыхащIэу, щыгуфIыкIыу, ар зэрыхъумэным хущэкъуу къэгъэтэджын;

- лъэпкъым и культурэм, и литературэм, и искусствэм сабийхэр дегъэхьэхын, фIыуэ егъэлъагъун;

- бзэр яIурымылъыжмэ, лъэпкъыр зэрыщымыIэжынур хьэкъыу япхыгъэкIын;

- сабийхэм хьэл-щэн дахэ яхэлъу, нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми пщIэ хуащIыфу егъэсэн.

**Бзэм зегъэужьыныр**

Дыкъэзыухъуреихь дунейм хащIыкIыр къэпщытэн, сабийхэм я бзэм зегъэужьын, псалъалъэр нэхъ къулей хъун папщIэ я бзэм къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн: щыIэцIэ псалъэхэу цIыху IэщIагъэ къызэрыкIхэр, плъыфэцIэ, предметым и щытыкIэ къэзыгъэлъагъуэхэр, лэжьыгъэ къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр.

ЩыIэцэ, плъыфэцIэ, глаголхэр тэмэму сабийхэм я бзэм къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн.

ЩыIэцIэрэ плъыфэцIэрэ я бзэм зэгъусэу къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн;

КъикI мыхьэнэр зэщхьу, ауэ зэтемыхуэу къапсэлъ псалъэхэр, зэпэщIэуэ мыхьэнэ къызэрыкI псалъэхэр егъэщIэн.

## Бзэм и макъхэр

Адыгэбзэм и макъ псори тэмэму, зэхэщIыкIыгъуэу псалъэхэм щагъэIуфу, здэщыт пычыгъуэр къыбжаIэфу егъэсэн. Бзэм нэхъыбэрэ щызэхагъэззэрыхь макъхэм елэжьын. Нэхъ къатехьэлъэ, зэхагъэзэрыхь макъхэр псалъэхэм, псалъэухахэм нэхъы

## Бзэр зэрызэпыщIар

Диалог (цIыхуитI е нэхъыбэ), монолог (и закъуэуи) псэлъэкIэм щыгъэгъуэзэн: Iэмал зимыIэу щыт псалъэмакъыр къыбдаIэгъыфу,упщIэ яхуэбгъэувам нэсу жэуап къуатыфу, егъэджакIуэм игъэува упщIэм тэмэму жэуап иратыжыфу егъэсэн.

Литературнэ тхыгъэ мыинхэр (таурыхъхэр, рассказхэр)псалъэ зэпыщIакIэ зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къыбжаIэжыфу егъэсэн.

Щапхъэ ирагъэлъэгъуам и планым тету, езыр-езыру, мыин дыдэу предмет гуэрым, сурэт е сурэт зыбжанэм теухуауэ жьэрыIуатэу рассказ зэхалъхьэфу егъэсэн.

Езы сабийм и нэгу щIэкIауэ е зэныбжьэгъу цIыкIухэм зэдащIа Iуэхугъуэф гуэрым теухуауэ щыжаIэжкIэ я гукъыдэжым зыкъригъэIэту, жьэрыIуатэу рассказ зэхалъхьэфу, жаIэжыфу егъэсэн.

ЕгъэджакIуэм ярита темэм теухуауэ сабий къэс езым и бгъэдыхьэкIэ иIэжу, зым жиIэм адрейм къытримыгъэзэжу, бзэ дахэ гъэщIэрэщIакIэ рассказ цIыкIу къаIуэтэжыфу еэгъсэн.

Анэдэлъхубзэр фIыуэ ялъагъуу, егъэджакIуэр къызыхуеджэ тхыгъэхэр къагурыIуэу, абы къыхэщ лIыхъужьхэм я щытыкIэхэм зэрыхущытыр къыжаIэфу, Iеймрэ фIымрэ зэхагъэкIыфу, купщIэ нэхъыщхьэр къыщагъуэтыфу, ирикъуу упщIэхэм я жэуап къуатыфу.

## Дыкъэзыухъуреихь природэмрэ экологическэ гъэсэныгъэмрэ

Нэхъыжь гупхэм деж дыкъэзыухъуреихь природэмрэ экологическэ гъэсэныгъэмрэ теухуа дерс тхьэмахуэм къриубыдэу зэ щегъэкIуэкIыпхъэщ.А ныбжьым ит сабийхэр яфIэгъэщIэгъуэну кIэлъоплъыф природэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм. Сабийхэр егъэсапхъэщ дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ природэмрэ зэрызэпыщIар къахутэфу; къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ я псэукIэм щыгъуазэу, щыпсэу щIыпIэр адрейхэм къызэрыщхьэщыкIым гу лъатэфу.

Природэр цIыхум къыгуэхыпIэ имыIэу зэрепхар, узыншагъэр хъумэнымкIэ абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр сабийхэм къагурыгъэIуэн хуейщ.

Сабийхэр егъэсэн природэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм гу лъатэфу, мэз псэущхьэхэмрэ абыхэм я щытыкIэмрэ кIэлъыплъыфу, щIымахуэр ди щIыпэм щизых бзухэмрэ хуабапIэм лъэтэжхэмрэ зэхагъэкIыфу, жыг зэмылIэужьыгъуэхэр яцIыхуу; псэ зыIут псоми гущIэгъу хуащIу.

Сабийхэр щыгъуазэ щIыпхъэщ языныкъуэ мэз псэущхьэхэм; тхьэкIумэкIыхь,дыгъужь, бажэ, цыжьбанэ) я псэукIэм, яшхым, шхын къызэралъыхъуэм, щIымахуэ жейм зэрызыхуагъэхьэзырым (п.п. цыжьбанэм жыг тхьэмпэ зэхуехьэсри хогъуалъхьэ, мыщэр гъуэм щожей).

Языныкъуэ гъудэбадзэхэм, хьэпщхупщхэм я къэкIухьыкIэм гу лъегъэтапхъэщ(бжьэр,бадзэр мэлъатэ, пкIауэр мапкIэ, хьэмбылур мэпщ); яжеIэпхъэщ бжьэхэмрэ хъумпIэцIэджхэмрэ гупышхуэу зэрыпсэур.

Гъэм и зэман къэс зэ зыплъыхьакIуэ шапхъэщ зы щIыпIэ деж, зэхъуэкIыныгъэ къэхъухэм кIэлъыплъыну.

Гъэм и зэманхэр зэкIэлъыхьауэ къапсэлъыфу, къэхъу зэхъуэкIыныгъэхэм гу лъатэу, абыхэм тепсэлъыхьыжыфу егъэсапхъэщ. Зы жэщрэ зы махуэр сыхьэт тIощIрэ плIырэ зэрыхъур егъэщIапхъэщ.

Дыкъэзыхъурейхь дунеймрэ природэмрэ теухуауэ зрагъэгъуэта щIэныгъэр дидактическэ джэгукIэкIэ егъэбыдылIэжын.

**Илъэсым къриубыдэу егъэкIуэкIыпхъэ дерсхэр**

| | Дерс егъэкIуэкIыпхъэхэм я бжыгъэр | | |
|---|---|---|---|
| Программэм къигъэувм къалэнхэр | 1 кв. | II кв. | III кв. |
| **Дыкъэзыухъуреихьхэм щыгъэгъуэзэн:** | | | |
| дунейм | 3 | 3 | 4 |
| предметхэм | 2 | 4 | 3 |
| природэм | 2 | 2 | 2 |

| **Бзэм зегъэужьыныр** | | | |
|---|---|---|---|
| псалъалъэм хэгъэхъуэныр, бзэм и грамматическэ | Тхьэмахуэ къэс ирагъэкIуэкI джэгукIэрэ лэжьыгъэрэ дерсым и Iыхьэу | | |
| бзэм и макъхэр | 3 | 3 | 3 |
| бзэр зэрызэпыщIар | 4 | 1 | 2 |
| **Адыгэ художественнэ тхыгъэхэм щыгъуазэ щын:** | | | |
| яжеIэжыпхъэхэр, къызыхуеджапхъэхэр | 7 | 7 | 6 |
| гукIэ зэрагъэщIапхъэхэр | 3 | 4 | 4 |

**Илъэситху – хы зи ныбжьхэм папщIэ махуэрыбж план**

| Мазэр | Темэр: | Мурадыр: |
|---|---|---|
| **ФокIадэ**<br>(1 тхьэмахуэ) | Щомахуэ А.<br>«Ди Хэкур» | Усэр гукIэ егъэщIэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын Хэку теухуа псалъэжь егъэщIэн: «Уи Хэкум лей къылъысмэ, къыщыж» |
| | «Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр зэрызгъэкIуар» | Псалъащхьэм щIэту рассказ цIыкIу сабийхэм зэхегъэлъхьэн; я бзэм зиужьын папщIэ нэхъыбэрэ гъэпсэлъэн.<br>Гъэмахуэ нэщэнэхэр ягу къэгъэкIыжын. |
| (2 тхьэмахуэ) | «Хьэуазэр, дэпыр, джэшыр» | Таурыхъым едэIуэфу, купщIэ нэхъыщхьэр къыхахыфу, упщIэкIэ зэпкърахыжыфу егъэсэн; зэныбжьэгъуныгъэм тегъэпсэлъыхьын; ныбжьэгъугъэ къызэрыкI псалъэхэр ягу къэкIыжын. |
| | «Созэрэщ тхьэлъэIу» | Абы теухуа псалъэмакъ сабийхэм ядегъэкIуэкIын. Сабий садым щекiуэкIыну дерс зэIухам хуэгъэхьэзырын. |
| (3 тхьэмахуэ) | Бзэм и макъхэр | Бзэм и макъхэр къызэрыхъум щыгъэгъуэзэн: абы хэлъэжьыхь органхэр ягу къэгъэкlыжын (тхьэмбылыр, тэмакъыр,жьэр, пэ кlуэцхэр, бзэгур, дзэхэр,жьэ пхъэбгъур,lупэхэр).Макъзешэхэр (а,э,ы,и,е,о,у) къэпщытэжын «Псалъэрыджэгу» гъэджэгун. |
| | «Хадэхэкlхэр кърахьэлIэж» | «Хадэхэкlхэр кърахьэлlэж» сурэтымкlэ гъэлэжьэн: хадэхэкlхэр къегъэпщытэжын,хущхъуэгъуэ хэлъхэр яжеlэн. Бжьыхьэ лэжьыгъэхэм кlэлъыгъэплъын: зэхъуэкlыныгъэ ялъагъухэм тегъэпсэлъыхьын. Бжьыхьэм теухуа псалъэжь егъэщlэн: «Гъатхэм жея бжьыхьэм мэгъыж». |
| (4 тхьэмахуэ) | Афlэунэ Л.<br>«Псыхьэ лъагъуэ» | Афlэунэ Л. «Псыхьэ лъагъуэ»: усэм къахуеджэн, упщlэкlэ зэпкърегъэхыжын; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын, макъ къехьэлъэкlхэр нэхъыбэрэ къегъпсэлъын. Псым теухуа псалъэжь егъэщlэн: «Псыр псэ хэлъхьэжщ». |
| | «Бжьыхьэ» рассказ. | «Бжьыхьэ» рассказым къахуеджэн: упщlэкlэ зэпкърегъэхыжын,псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын; бжьыхьэ лэжьыгъэхэм тегъэпсэлъыхьын. Бжьыхьэ |

| | | |
|---|---|---|
| | | нэщэнэхэр яжеIэн: Бжьыхьэ бэвыр хуэмыIэт Iэтэ инхэм зыкъаIэт.<br>Къэб ныбэфхэр хьэсэм изщ,<br>Къужь нэкIу плъыжьхэр жыгым пызщ.<br>Зэр плъыжьыбзэу зэщIэнащ,<br>Бзур пIейтейуэ къигъэнащ. |
| **Жэпуэгъуэ**<br>(1 тхьэмахуэ) | Гъэм и<br>зэманхэр | «Гъэм изэманхэр» сурэтымкIэ гъэлэжьэн: сурэтыр зэпаплъыхьыфу, упщIэхэм жэуап иратыфу, егъэджакIуэм и планым тету рассказ зэхалъхьэфу егъэсэн. Бжьыхьэ мазэхэр зэрыхъур яжеIэн:фокIадэ, жэпуэгъуэ, щакIуэгъуэ. |
| | Плъыфэхэр | Плъыфэхэр ягу къэгъэкIыжын: плъыжь, гъуэжь, хуж щIыху, удзыфэ, кхъуэщыныфэ. «Сыт хуэдэ плъыфэ? дид. джэгукIэмкIэ гъэджэгун. |
| (2 тхьэмахуэ) | Балъкъэр Къ.<br>«Бажэмрэ Мэз джэдымрэ» | Таурыхъым едэIуэфу, купщIэ нэхъыщхьэр къыхахыфу, тепсэлъыхьыжыфу егъэсэн. Егъэлейныгъэ хэлъхэм гу лъегъэтэн. |
| | Къагъырмэс Б.<br>« Къхъужьей жумарт» | Усэм гъэхуауэ гукIэ къеджэфу егъэсэн; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын; макъ **кхъу, жь** –хэр псалъэм къыщегъэпсэлъын. |
| (3 тхьэмахуэ) | Журт Б.<br>«Джэджьей щIых цIыкIу». | Журт Б.”Джэджьей щIыху цIыкIу”: рассказым къахуеджэн,купщIэ нэхъыщхьэр къыхахыфу, упщIэкIэ зэпкърахыжыфу егъэсэн; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын.<br>Рассказыр зытепсэлъыхьыр сабийхэм къегъэIуэтэжын: я псалъэухар зэраухуэм кIэлъыплъын, псалъалъэм хэгъэхъуэн. |
| | Зэгуэгъу (з-с) макъхэр | Зэгуэгъу (з-с) макъ дэкIуашэхэр ягъэIуфу егъэсэн; а макъхэр адыгэбзэми урысыбзэми къызэрыщыдгъэсэбэпыр яжеIэн. |
| (4 тхьэмахуэ) | КIэщт М.<br>«Жыгхэр мэIущащэ» | КIэщт М.”Жыгхэр мэIущащэ”: усэм къахуеджэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын; зытепсэлъыхьыр упщIэкIэ зэпкърегъэхын.Макъ нэхъ кехьэлъэкIхэр нэхъыбэрэ къегъэпсэлъын. |
| | Тхьэмахуэ зэхуакур | Тхьэмахуэ зэхуакур  зэрыхъур егъэщIэн; махуэцIэхэм теухуа «кроссворд» егъэщIын. |

| | | |
|---|---|---|
| **щакIуэгъуэ**<br>(1 тхьэмахуэ) | Дыгъэ.<br>АфIэунэ Л. | «Дыгъэ къепсым сыт къытхуихьыр?»: псэлъащхьэм щIэту псалъэмакъ сабийхэм ядегъэкIуэкIын; дыгъэм мыхьэнэр къазэрыгурыIуэнкIэ яжеIэн. АфIэунэ Л. «Дыгъэ»: усэм къахуеджэн, упщIэкэ зэпкърегъэхыжын; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. |
| | ШэджэхьэщIэ Хь. «Сыт джэдум шха нэужь зыщIитхьэщIыр? | Рассказым къахуеджэн, упщIэкIэ запкърегъэхыжын; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын.<br>«Дзыгъуэ джэду» гъэджэгун. |
| (2 тхьэмахуэ) | Унагъуэ псэущхьэхэм я шырхэр. | Унагъуэ псэущхьэхэм я шырхэр (щIэжьейхэр) егъэцIыхун: шкIэ, шыщIэ, щынэ, чыцI, хьэпшыр, джэду шыр; абыхэм тегъэпсэлъыхьын, я бзэм зегъэужьын. Нэрылъагъу пособие къэгъэсэбэпын. |
| | КIэмыргуей Т. «ПIэтIэ» | Усэр гукIэ егъэщIэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын усэм гъэхуауэ, гукIэ къеджэфу егъэсэн. |
| (3 тхьэмахуэ) | Къэпщытэжы ныгъэ. | Гъэ еджэгъуэр зэрыщIидзэрэ яджар хэчыхьауэрэ къэпщытэжын: сабийхэм я бзэм зэрызиужьар,псалъалъэм хагъэхъуар къэхутэн икIи егъэфIэкIуэн; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Макъхэр къызэрапсэлъым кIэлъыплъын. |
| | Макъ (в-ф) | Бзэм и макъ дэкIуашэхэу **в-ф**-мрэ ягъэIуфу егъэсэн; псалъэхэм щызэхацIыхукIыфу, къабзэу къыщапсэлъыфу егъэсэн**;**макъым теухуа усэ цIыкIхэр къэгъэсэбэпын. |
| **Дыгъэгъазэ**<br>(1 тхьэмахуэ) | ЩIымахуэ. | Гъэм и зэман къихьам (щIымахуэм) теухуа псалъэмакъ сабийхэм ядегъэкIуэкIын: щIымахуэ мазищыр (декабрь, январь, февраль). Гъэм и зэманхэм теухуа «кроссворд» егъэщIын. |
| | Жаным Б. «Дыщэ кIанэ» | Таурыхъым къахуеджэн, дегъэхьэхын, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын, таурыхъыр къаIуэтэжыфу егъэсэн. |
| (2 тхьэмахуэ) | Нало З.<br>«Залинэ и уэрэд». | Нало З."Залинэ и уэрэд": усэм къахуеджэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Хьэл-щэн къызэрыкI псалъэхэр ягу къэгъэкIыжын: сабыр, жыIэдауэ, жыIэмыдауэ,зыгъэгусэрей; ахэр Залинэ и хьэл- |

| | | |
|---|---|---|
| | | щэным ирагъэпщэфу егъэсэн. |
| | Зэрабж бжыгъэхэр. | Зэрабж бжыгъэхэр егъэщIэн: пщIым нэс бжэфу егъэсэн. «Зэрыбжэ къебжэкI» тхылъым итыр къэгъэсэбэпын. |
| (3 тхьэмахуэ) | Дерс блэкIар къэпщытэжын. | Макъ джкIуашэ **п-пI**-хэр ягъэIуфу егъэсэн. Псалъэрыджэгу гъэджэгун. |
| | Нало Заур «Аслъижан и щхьэхыкIар» | Рассказым къахуеджэн, упщIэкIэ зэпкърегъэхыжын; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. |
| (4 тхьэмахуэ) | ХьэцIыкIу Хь. «Къуаргъхэр» | Усэм къахуеджэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Бзэм и макъхэр къызэрапсэлъым кIэлъыплъын. |
| | Илъэсыщlэ. | Илъэсыщlэм теухуа псалъэмакъ ядегъэкlуэкlын. Афlэунэ Л.”Илъэсыщlэ”: усэр гукlэ егъэщlэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын, бзэм и макъхэр къызэрапсэлъым кlэлъыплъын. |
| **ЩIышылэ** (3 тхьэмахуэ) | Бзэм и макъхэр. | Дерс блэкlам къытегъэзэжын. **гу-ку**-макъхэр ягъэlуфу егъэсэн: ахэр псалъэм щызэхамыгъэзэрыхьу къапсэлъыфу егъэсэн. Макъхэм теухуа усэ цlыкlум иригъэгъуэзэн. |
| | Щоджэнцlыкlу А.”Щlымахуэ”. | Щоджэнцlыкlу А. «Щlымахуэ» рассказым къахуеджэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын; упщlэкl зэпкърегъэхыжын. Щlымахуэ мазэхэр къэпщытэжын зэхъуэкlыныгъэ ялъагъухэр жегъэlэн,я псалъалъэм хэгъэхъуэн. |
| (4тхьэмахуэ) | Нало Заур «Джэду цIыкIу» | Усэр гукIэ егъэщIэн; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын Макъ нэхъ гугъухэр нэхъыбэрэ къегъэпсэлъын: дж, цI, кIу. |
| | Сабийм кlэлъызырахьэ хабзэхэр. | Сабийм кlэлъызырахьэ хабзэхэм яхутепсэлъыхьын. Дерс зэlуха екlуэкlыным сабийхэр хуэгъэхьэзырын. «Лъэтеувэ» джэгукlэмкlэ гъэджэгун. |
| **Мэзае** (1 тхьэмахуэ) | Сыхьэт. | «Сыхьэт» тхыгъэ кIэщIым къахуеджэн, упщIэкIэ зэпкърегъэхыжын,псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Сыхьэтым теухуа къуажэхь егъэщIэн. |
| | Къэрмокъуэ Хь. «ЛIыжь | Таурыхъым сабийхэр едэIуэфу егъэсэн, купщIэ нэхъыщхьэр къыхахыфу егъэсэн. |

| | | |
|---|---|---|
| | цIыкIумрэ дыгъужьыжьымрэ» | Таурыхъым егъэлейныгъэ хэлъыр упщIэкIэ къегъэгъуэтын. |
| (2 тхьэмахуэ) | ПхытIыкI Ю. ”Нанэ сэрэ”. | ПхытIыкI Ю.”Нанэ сэрэ”: усэм къахуеджэн, упщIэкI зэпкърегъэхыжын;псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Макъ нэхъ къегугъуэкIхэр нэхъыбэрэ къегъэпсэлъыы |
| | ЩIагъуэН. «Хьэндыркъуакъуэ». | ЩIагъуэ Н. «Хьэндыркъуакъуэ»: рассказым къахуеджэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Хьэпщхупщхэм къытхуахь сэбэпынагъым яхутепсэлъыхьын. |
| (3 тхьэмахуэ) | Дерс блэкIар къэпщытэжын. | Макъ дэкIуашэ ф-фI-мрэ ягъэIуфу егъэсэн, ахэр псалъэм къыщегъэсэбэпын. Макъхэм теухуа усэ цIыкIухэр, псынщIэрыпсалъэхэр къэгъэсэбэпын. |
| | Бейрэмыкъуэ I. «Цыджанэ» | Усэр гукIэ егъэщIэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын Цыджанэр къызыхащIыкI материалым тегъэпсэлъыхьын. |
| (4 тхьэмахуэ) | Налшык къалэ. | Ди республикэм и къалащхьэр егъэцIыхун: абы и щIыпэ нэхъ дахэхэм, уэрамхэм яхутепсэлъыхьын, егъэлъагъун. Сурэтхэр, альбомхэр къэгъэсэбэпын. |
| | Адыгэ шхыныгъуэхэр. | «Нанэ деж хьэщIапIэ докIуэ»: псалъащхьэм щIэту рассказ цIыкIу зэхегъэлъхьэн, я псалъалъэм хэгъэхъуэн. Адыгэ шхыныгъуэхэр къэпщытэжын. |
| **Гъатхэпэ** **(**1 тхьэмахуэ) | Цыхубзхэм я махуэшхуэр. | Мартым и 8-р Цыхубзхэм я махуэщ: абы теухуа псалъэмакъ сабийхэм ядегъэкIуэкIын. Макъ. ХьэIупэ Дж., пс. АфIэунэ Л. «Удз гъэгъа сэ къэсщыпа»: уэрэдыр егъэщIэн, жегъэIэн. |
| | Къэрмокъуэ Хь. «Кърумрэ Бажэмрэ» | Таурыхъым къахуеджэн, упщIэкIэ зэпкърегъэхыжы псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. «Кърy-къру» джэгукIэмкIэгъэджэгун. |
| (2 тхьэмахуэ) | КIэщт М. «Гъатхэ губгъуэм» | Усэр гукIэ егъэщIэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын «Дэнэ къыщыкIыр?» джэгукIэмкIэ гъэджэгун. |
| | Адыгэ тхьэлъэIу “МафIащхьэ | «Мафащхьэджэд» адыгэ тхьэлъэIу: абы теухуа псалъэмакъ сабийхэм ядегъэкIуэкIын; ар адыгэхэм |

| | | |
|---|---|---|
| | джэд". | щlагъэлъапэр яжеlэн,егъэщlэн. Дерс зэlуха сабий садым щекlуэкlыным сабийхэр хуэгъэхьэзырын (нэхъыжьхэр къегъэблэгъэн). |
| (3 тхьэмахуэ) | Дерс блэкIам къытегъэзэжын. | Дж-ч макъ дэкIуашэхэр егъэцIхун: псалъэхэм къыхацIыхукIыфу,щагъэIуфу егъэсэн; «псалъэрыджэгу» гъэджэгун. |
| | Нало Заур «Зулий и жыг» | Рассказым къахуеджэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын; таурыхъымрэ рассказымрэ зэхагъэкIыфу егъэсэн. |
| (4 тхьэмахуэ) | Кэмыргуей Т. "Уэс кlэкъинэ". | Кэмыргуей Т. «Уэс кlэкъинэ»: усэм къахуеджэн, упщlэкlэ зэпкърегъэхыжын; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Гъатхэ нэщэнэ ялъагъухэр жегъэlэн:усэр зытепсэлъыхьымрэ дунейм и щытыкlэмрэ зэщхьыныгъэ хэлъхэм сабийхэм гу лъегъэтэн; абы нэхъ кууэ яхутепсэлъыхьын, езыхэри тегъэпсэлъыхьын. |
| | Цlыху lэпкълъэпкъхэр | Цlыху lэпкълъэпкъым хыхьэхэр къэпщытэжын:lэблэ lэпэ, lэдакъэ,lэгу, лъэкlэн, lэпкъынэ,н.; Къабзагъэм ехьэлlа псалъэхэр егъэщlэн: къабзэлъабзэ, зытхьэщlын, лъэщlын, зыгъэпскlын,н.; ахэр я бзэм къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн. |
| **Мэлыжьыхь** (1 тхьэмахуэ) | IэщIагъэхэр. | IэщIагъэхэр егъэщIэн: дохутыр, гъэсакIуэ, егъэджакIуэ, ухуакIуэ, бжьахъуэ,н. «Дохутыр» сюжетнэ-ролевой джэгукIэм гъэджэгун. |
| | «ВакIуэихьэж» тхьэлъэIу | тхьэлъэIум теухуа псалъэмакъ сабийхэм ядегъэкIуэкIын; ар пасэ зэманым и тхыдэм къызэрыхэнар яжеIэн. |
| (2 тхьэмахуэ) | lэмэпсымэхэр. | lэмэпсымэхэр егъэцlыхун: ахэр къызэрагъэсэбэпыр яжеlэн,егъэщlэн. lэмэпсымэхэм ирилажьэ lэщlагъэлlхэм яхутепсэлъыхьын: нэрылъагъу пособие къэгъэсэбэпын. lэмэпсымэхэм теухуа къуажэхь егъэщlэн: «Дзэ уз зымыщlэ. дзэ куэд зыlут «Дзэ куэд lутщ, езыр дзакъэркъым» (пхъэх, пхъэlэпэ) |
| | Хьэнфэн А. «КъэхутакIуэ | Рассказым къахуеджэн, едэIуэфу егъэсэн; зэкIэлъыхьауэ, зэ жаIам къытрамыгъэзэжу къегъэIуэтэжын. |

| | | |
|---|---|---|
| | цIыкIу» | Гъатхэ нэщэнэ ялъагъухэр жегъэIэн. |
| (3 тхьэмахуэ) | Дерс блэкIам къытегъэзэжын | Дерс блэкIам къытегъэзэжын. Макъ дэкIуашэ **ж-жь-**хэр егъэцIыхун, зыхамыгъэзэрыхьыу ягъэIуфу егъэсэн; «Псалъэрыджэгу» джэгукIэмкIэ гъэджэгун. |
| | АфIэунэ Л. “Гъатхэ”. | АфIэунэ Л. «Гъатхэ»: усэм къахуеджэн, дунейм щалъагъухэмрэ усэр зытепсэлъыхьымрэ сабийхэм зэрапхыфу, зэрагъэпщэфу егъэсэн; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Гъатхэм теухуа псалъэжь егъэщIэн: «Гъатхэ дыгъэм фIамыщIыпс еутхри, бжьыхьэ дыгъэм сэхусэплъ еутх». |
| (4 тхьэмахуэ) | | Сабий усакIуэхэм я зэIущэ сабий садым къыщызэгъэпэщын.УсакIуэхэмрэ сабийхэмрэ зэгъэпсэлъылIэн: ящIэ усэхэр (гукIэ),таурыхъхэр жегъэIэжын. Сабийхэр къэгъэфэн, гъэджэгун,я нэгу зегъэужьын. |
| | Къуалэбзухэр. | «Сабийхэм бзу абгъуэ ящI» сурэтымкIэ гъэлэжьэн: бзу абгъуэм и мыхьэнэр къагурыгъэIуэн. Гъатхэм къэлъэтэж къуалэбзухэм яхутепсэлъыхьын: нэрылъагъу пособие къэгъэсэбэпын. Къуалэбзухэм теухуа «кроссворд» гъэджэгун |
| **Накъыгъэ** (1 тхьэмахуэ) | Майм и 9-р ТекIуэныгъэм и махуэщ. | Майм и 9-р ТекIуэныгъэм и махуэщ: абы теухуа псалъэмакъ сабийхэм ядегъэкIуэкIын. Налшык дэт фэеплъэхэм щыгъуазэ щIын: альбомхэр, сурэтхэр къэгъэсэбэпын. |
| | Тау Н. «Ужьэ псыгъуэрэ Уашхэ нэкIутIэрэ» | Таурыхъым едэIуэфу, къаIуэтэжыфу егъэсэн, псалъэ гугъухэм елэжьын, таурыхъым хэт персонажхэр зэрагъэпщэфу, жьэрыIуатэу сурэт ящIыфу егъэсэн. Таурыхъым ехьэлIа псалъэжь егъэшIэн. |
| (2 тхьэмахуэ) | Гуапагъэ. | «Гуапагъэ»: тхыгъэм къахуеджэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын; егъэджакIуэр зэрыдээпыкъу щымыIэу, тхыгъэр езы сабийхэм зэпкърегъэхын; сабийхэм ягъуэта щIэныгъэм кIэлъыплъын, егъэфIэкIуэн. Хабзэм, нэмысым теухуауэ ящIэ псалъэжьхэр жегъэIэн. |
| | Дерс блэкIахэм къытегъэзэжын. | Макъ дэкIуашэ ящIэхэр зыхэт усэхэр, псынщIэрыпсалъэхэр къэпщытэжын. |

| | | |
|---|---|---|
| (3 тхьэмахуэ) | КӀэщт М. «Мэзым» | Усэм къахуеджэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын; мэзым къыщыкӀ жыгхэр къэпщытэжын. |
| | Диагностикэ | Гъэ псом яджар хэчыхьауэ къэпщытэжын. Сабийхэм я зэфӀэкӀыр къызэрапщытэ диагностикэ егъэкӀуэкӀын. |

**Илъэсым и кӀэм сабийхэм ящӀэн хуейщ:**

- гъэм и зэманхэр (къыщыхъу зэхъуэкӀыныгъэхэр);
- пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкӀхэмрэ, (къыщыкӀыр, хущхъуэгъуэ хэлъхэр);
- унагъуэ псэущхьэхэр, шырхэр , къапыкӀ хьерыр;
-мэз псэущхьэхэр, къапыкӀ хьерыр;
- ди республикэм зэреджэр, и къалэ нэхъыщхьэр, президентыр;
-ди республикэм и нэхъ щӀыпӀэ дахэхэу 3-4; псыежэххэу 2-3; къалэцӀэхэр, къуажэцӀэхэу 3-4;
-  жыгыцӀэу 3-4;
-щӀымахуэр изых бзууэ 3-4;

**Сабийхэр щытын хуейщ:**

- бзэм и макъ псори къабзэу къапсэлъыфу;
-ӀэщӀагъэ къызэрыкӀ щыӀэцӀэхэр я псалъэмакъым къыщагъэсэбэпыфу;
-псалъэ лъэпкъыгъуэ псори псалъэухам къыщагъэсэбэпыфу;
-псалъэмакъ екӀуэкӀыр къыбдаӀыгъыфу;
- щапхъэ ирагъэлъэгъуам тету предмет, сурэт гуэрым теухуа рассказ зэхалъхьэфу;
- къызыхуеджа тхыгъэм теухуа упщӀэхэм я жэуап къуатыфу;
- пщӀым нэс бжэфу;
-езым и гъунэгъуу щылъ предметхэр здэщылъ щӀыпӀэр къыбжаӀэфу;
-геометрическэ фигурэ ебгъэлъагъухэм я фӀэщыгъэцӀэр къыбжаӀэфу;
-тхьэмахуэ зэхуакур зэрызэкӀэлъыкӀуэм хуэдэу къыбжаӀэфу;
- зы жэщрэ махуэр сыхьэт дапщэ хъуми ящӀэу.

**Гъэм и кӀэм сабийхэм яхузэфӀэкӀыр къызэрапщытэ щӀыкӀэр**

**КъызэрыгуэкӀщ (хищӀыкӀышхуэ щыӀэкъым***).* Сабийр зэрыпсалъэ бзэр къогугъуэкӀ.Макъ псори къипсэлъыфыркъым, ӀэщӀагъэ къызэрыкӀ щыӀэцӀэхэр къыбжиӀэфыркъым. Псалъэуха нэхъ тыншхэр бзэм къыщегъэсэбэп. Езыр-езыру псалъэмакъым хэткъым. ЕгъэджакӀуэр дэӀэпыкъуурэ сурэтым, предмет гуэрым теухуауэ рассказ кӀэщӀ зэхелъхьэф. УпщӀэ иратам дэӀэпыкъуэгъуншэу жэуап иритыфыркъым, усэ цӀыкӀу гъэхуауэ къеджэфыркъым.

**Ику итщ.** Сабийр зэрыпсалъэ бзэр къыгуроӀуэ, макъ псори тэмэму къепсэлъыф, предметхэм ящытыкӀэхэм тещӀыхьауэ ахэр зэрызэгухьэ е зэрызэгуэкӀыр къохьэлъэкӀ, бзэ зэпыщӀакӀэ псэлъэфыркъым, езыр-езыру псалъэмакъым хэтыфщ, зы сурэт е сурэт

зыбжанэ къигъэсэбэпурэ рассказ кIэщI цIыкIу зэхелъхьэф, упщIэ хуагъэувам жэуап иретыжыф, псалъэуха къызэрыкIуэкIэ мэпсэлъэф, ауэ псалъэуха убгъуакIэ псэлъэныр къохьэлъэкI.

**ФIыуэ ещIэ.** Сабийр гугъу лъэпкъ емыхьу и бзэмкIэ мэпсалъэ, бзэм и макъ псори къабзэу къепсэлъ, и бзэм щыIэцIэрэ плъыфэцIэрэ зэгъусэу къыщегъэсэбэп, рассказ щызэхилъхьэкIэ, псалъэуха убгъуахэр къегъэсэбэп, предметхэм я плъыфэхэр ещIэ, геометрическэ фигурэхэр ещIэ, упщIэ хуэбгъэувам жэуап иретыф, къыщалъхуа къалэм и фIэщыгъэцIэр ещIэ, усэ гъэхуауэ къоджэф, гъэм и зэманхэр ещIэ, бзэ зэпыщIакIэ мэпсэлъэф.

| Илъэс бжыгъэр | Дерсхэр зэрекIуэкIыну зэманыр (дакъикъэр) | Тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэу егъэкIуэкIыпхъэ дерсхэр | Зы илъэсым къриубыдэу егъэкIуэкIыпхъэ сыхьэт бжыгъэр |
|---|---|---|---|
| 5-6 | 20-25 | 2 | 72 |

**Илъэсих–блы зи ныбжьхэм папщIэ программэ**

Сабийхэм я гъэсэныгъэмрэ я акъылымрэ зегъэужьын, я узыншагъэм хэгъэхъуэн, я Iэпкълъэпкъ цIыкIухэм зегъэужьын. ЩIэныгъэ зрагъэгъуэтыным хущIэкъуу, я акъылыр абы траухуэфу, набдзэгубдзаплъэу щытыфу, еджэным дегъэхьэхын. Езыхэм я лэжьыгъэр къапщытэжыфу, оценкэ иратыфу егъэсэн.

Дыкъэзыхъурейхь дунейм теухуа щIныгъэ зэмылIэужьыгъуэ етын, патриотическэ, интернациональнэ зэхэщIэ яIэу, я къэралыр щыпсэу республикэр фIыуэ ялъагъуу сабийхэр къэгъэтэджын.

Ди къэралым щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр зэгурыIуэ-зэдэIуэжу зэрызыдэпсэум сабийхэм гу лъегъэтэн.

Бзэм и лъэныкъуэ псори егъэфIэкIуэн: кIэщI дыдэуи зыубгъуауи сабийхэм яхуэбгъэува упщIэм елъытауэ жэуап къуатыжыфу, я ныбжьэгъу цIыкIухэм жаIам дыщIагъужыфу егъэсэн.

Адыгэбзэ грамотэм хуэгъэхьэзырын. Бзэм и макъ псори псалъэхэм щызэхахыу, абы и анализ ящIыжыфу егъэсэн.

Адыгэ художественнэ литературэр фIыуэ егъэлъагъун, я эстетическэ гъэсэныгъэм хэгъэхъуэн, лъэпкъ искусствэр фIыуэ егъэлъагъун. ИхъуреягъкIэ ялъагъу дахагъэр зэхащIэу, абы щыгуфIыкIыу, ар зэрахъумэным иужь иту егъэсэн.

Езы цIыкIухэр зэрыIыгъыу, нэхъжьхэми нэхъыщIэхэми пщIэ-нэмыс хуащiыфу, нэхъыщIэ цIыкIухэм ядэIэпыкъуу,езыр-езыру джэгукIэ къыхахрэ зэдэджэгуфу, сабийхэр егъэсэн.

Экологическэ гъэсэныгъэ етын.

ЕсэпымкIэ ящIэм пыщэн.

Сабийхэм я ныбжьым, я акъылым къиубыдыну адыгэ хабзэм щыгъэгъуэзэн.

**Бзэм зегъэужьыныр**

Бзэм хищIыкIыр здынэсыр къэхутэн, и лексикэм хэгъэхъуэн, нэхъ убгъуа щIын, предмет къызэрыкI псалъэхэр, предметым илэжьыр, и теплъэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэр я бзэм къыщагъэсэбэлыфу егъэсэн: Сыт? Тхылъ. Тхылъыр сыт хуэдэ? Гъэщэгъуэнщ. Хэт?Мухьэмэд. Сыт Мухьэмэд ищIэр? Матхэ.

Бзэм къыщагъэсэбэпыфу егъэсэн синонимхэр (мыхьэнэкIэ зэхуэдэ псалъэхэр:) дахэ,гуакIуэ, ин, абрагъуэ,..; щыIэцIэхэр къызэщIэзыубыдэ псалъэхэр (щыгъын,пхъэщхьэмыщхьэ, ухуакIуэ, н.)

Сабийхэм я лексикэм хэгъэхьэн антонимхэр (зэпэщIэуэ мыхьэнэ зиIэ псалъэхэр) (фIыцIэ-хужь, нэжэгужэ-нэщхъей, н.)

**Бзэм и макъхэр**

Бзэм и макъ псори щызэхахкIэ щыуагъэншэу, къабзэу, зэхамыгъэзэрыхьу къапсэлъыфын.

Сабийхэм я дикцэм елэжьын: псалъэхэр, псалъэ зэпыщIахэр зэхэщIыкIыгъуу къапсэлъыфу егъэсэн.

Зэхах макъым гулъытэ хуащIу, егъэджакIуэм ирита макъыр псалъэхэм къыщагъуэтыфу (и пэм, и кум, и кIэм) егъэсэн.

**Бзэм и грамматическэ ухуэкIэр**

Сабийхэм я бзэм къыщагъэсэбэпыфу (щыIэцIэрэ бжыгъэцIэрэ ,цIэпапщIэм щыIэцIэрэ плъыфэцIэрэ и гъусэу, глаголым префикс щIагъуу) егъэсэн.
Сабийхэм я бзэм псалъэуха къызэрыкIуэ лIэужьыгъуэхэр къыщагъэсэбэпыфын(зэраIуатэ (.), зэрыупщIэ (?), хэIэтыкIа (!).

**Бзэр зэрызэпыщIар**

Диалог (цIыхуитI е нэхъыбэ), монолог (и закъуэу) псэлъэкIэм сабийхэр щыгъэгъуэзэн. УпщIэ яхуэбгъэувам нэсу жэуап къуатыфу, езыхэми упщIэ ягъэувыфу, щыпсалъэкIэ мыпIащIэу, зэпIэзэрыту, ику ит макъкIэ (мыкIийуэ икIи мыщэхуу) псэлъэфу егъэсэн.

Литературнэ тхыгъэ мыинхэр (таурыхъхэр, рассказхэр) бзэ зэпыщIакIэ зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къыжаIэжыфын.

Щапхъэ ирагъэлъэгъуам и планым тету, езыр-езыру, мыин дыдэу, предмет гуэрым, сурэт е сурэт зыбжанэм теухуауэ жьэрыIуатэу рассказ зэхалъхьэфу егъэсэн.

Езы сабийм и нэгу щIэкIауэ е зэныбжьэгъу цIыкIухэм зэдащIа Iуэхугъуэф1 гуэрым теухуауэ щыжаIэжкIэ я гукъыдэжым зыкъригъэIэту жьэрыIуатэу рассказ зэхалъхьэфу, жаIэжыфу егъэсэн.

Рассказ, таурыхъ цIыкIу зэхалъхьэфу, ар бзэ дахэ гъэщIэрэщIакIэ (образнэу) къаIуэтэжыфу егъэсэн.

Грамотэм щыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэ

Псалъэухам теухуауэ гурыIуэныгъэ етын (грамматическэ определенэ ирамыту).

Псалъэуха зэхалъхьэфын, псалъитI, е псалъиплI нэхъыбэ мыхъуу, псалъэухахэр псалъэурэ ягуэшыфын икIи зэрызэкIэлъыхьам хуэдэу къагъуэтыжыфу егъэсэн.

Псалъэр пычыгъуэкIэ зэпаудыфын, пычыгъуэхэр псалъэурэ зэхуахьэсыжыфын (жьэрыIуатэу), пычыгъуитI-пычыгъуищ (сы-хьэт, Iэ-бжьа-нэ) нэхъ мыхъуу. Ударенэ зытехуэ Iыхьэр псалъэм къыщагъуэтыфу егъэсэн.

Сабийхэм зэхагъэк1ыфын: таурыхъыр, рассказыр, усэр. Тхыгъэм и купщIэ нэхъыщхьэр къагурыIуэу (главную идею произведения), пэжу оценкэ лIыхъужьхэм иратыфу, гъэхуауэ усэ къеджэфу, таурыхъ жаIэжыфу, рассказ цIыкIу зэхалъхьэфу егъэсэн.

**Дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ экологическэ гъэсэныгъэмрэ**

А ныбжьым ит сабийхэм я гупсысэр хуэшэн хуейщ къэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ псэущхьэхэмрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм и зы Iыхьэу зэрыщытым.

КъэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ теухуауэ сабийхэм ящIэм хэгъэхъуэн; мэзыр, тафэр егъэцIыхун; къэкIыгъэхэр гуп-гупурэ зэхадзыфу егъэсэн. А щIэныгъэхэр егъэбыдылIэжыпхъэщ дидактическэ джэгукIэхэмкIэ: «Къэп гъэщIэгъуэн цIыкIу»,«ЩхьэкIэмрэ лъабжьэмрэ»,н. Сабийхэм егъэщIапхъэщ хущхуэгъуэ зыхэлъ къэкIыгъэхэр фарий (подорожник), шыпсыранэ, н. Унагъуэ джэдкъазхэм, псэущхьэхэм, щIымахуэр ди щIыпэм щизых, хуабапIэм лъэтэж бзухэм теухуауэ ящIэм пыщэн хуейщ. Ахэр хъумэн зэрыхуейр къагурыгъэIуапхъэщ.

Дыкъэзыухъуреихь дунейм щыгъуазэ щытщIкIэ мэз псэущхьэхэр егъэцIыхуным пыщэн хуейщ, я щытыкIэм щыгъуазэу, я теплъэкIэ зэрызэмыщхьым гу лъатэфу, языныкъуэ хьэкIэкхъуэкIэхэм я фэм зэрызахъуэжыр ящIэу, щIымахуэ жейм зэрызыхуагъэхьэзырым щыгъуазэу къэгъэтэджын хуейщ. ЕгъэцIыхупхъэщ хьэпщхупщхэр, гъудэбадзэхэр,псым хэс бдзэжьеихэр. Ахэр я теплъэкIэ зэхагъэкIыфу я къэкIухьыкIэмкIэ зэрагъэпщэфу, тепсэлъыхьыфу егъэсапхъэщ (къэзылъэтыхь, къэзыпщэпщыхь, къэзыпкIыхь)

## Илъэсым къриубыдэу егъэкIуэкIыпхъэ дерсхэр

| Программэм къигъэув къалэнхэр | Дерс егъэкIуэкIыпхъэхэм я бжыгъэр | | |
|---|---|---|---|
| | **Iкв.** | **IIкв.** | **IIIкв.** |

**Дыкъэзыухъуреихьхэм щыгъэгъуэзэн:**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Дунейм къыщыхъухэм | 2 | 3 | 3 |
| природэм | 2 | 1 | 3 |

**Бзэм зегъэужьыныр:**

| Псалъалъэм хэгъэхъуэныр, бзэм и грамматическэ ухуэкIэр | Тхьэмахуэ къэс дерсым и Iыхьэу хэгъэхьапхъэщ джэгукIэ лэжьыгъэхэр (упражнения) | | |
|---|---|---|---|
| Бзэм и макъхэр | 3 | 3 | 3 |
| Бзэр зэрызэпIыщIар | 4 | 4 | 2 |
| Грамотэм | 4 | 3 | 3 |
| **Адыгэ художественнэ тхыгъэхэм щыгъуазэ щIын:** | | | |
| ЯжеIэжапхъэхэр, къызыхуеджапхъэхэр | 6 | 7 | 7 |
| | 3 | 3 | 3 |

## Илъэсих–блы зи ныбжьхэм папщIэ махуэрыбж план

| Мазэр | Темэр: | Мурадыр: |
|---|---|---|
| **ФокIадэ**<br>(1 тхьэмахуэ) | Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр зэрызгъэк1уар | Псалъащхьэм щ1этү рассказ ц1ык1у зэхегъэлъхьэн ; псалъэухар тэмэму яухуэфу , я бзэм зегъэужьын. Гъэмахуэ нэщэнэхэр ягу къэгъэк1ыжын, жегъэ1эн. |
| | Нало З. «Нанэ и псэ , дадэ и бзэ» | Усэр гук1э егъэщ1эн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Макъ нэхъ къатехьэлъэхэр нэхъыбэрэ къегъэпсэлъын. |
| (2 тхьэмахуэ) | Къэрмокъуэ Хь. «Дыгъужьым и к1уэдык1ар» | Таурыхъым едэ1уэфу, купщ1э нэхъыщхьэр къагъуэтыфу; упщ1э яхуэбгъувам жэуап иратыф зэ жа1ам къытрамыгъэзэжу къа1уэтэжыфу егъэсэн. Таурыхъым хэт персонажхэм жьэра1уатэу сурэт хуегъэщ1ын: я бзэм зегъэужьын. |

| | | |
|---|---|---|
| | Бзэм и макъхэр къызэрыхъум къытегъэзэжын. | Абы хэлэжьыхь органхэр ягу къэгъэк1ыжын (зэрыбауэ пкъыхэр, тэмакъыр, жьэ, пэ к1уэц1хэр бзэгур, дзэхэр, жьэ пхъэбгъур, 1упэхэр) . Макъзешэхэмрэ макъ дэк1уашэхэмрэ зэрызэхагъэк1ыфыр къэхутэн, егъэф1эк1уэн. |
| (3 тхьэмахуэ) | ХадэхэкIхэр | «ХадэхэкIхэр кърахьэлIэж» сурэтымкIэ гъэлэжьэ сурэтым щалъагъухэр планым тету къаIуэтэжыф егъэсэн; хадэхэкIхэр къэпщытэжын, хущхъуэгъу хэлъхэр егъэщIэн. ХадэхэкIхэм теухуа «кроссворд» гъэджэгун. |
| | Бейрэмыкъуэ I «Бынэ щхьэхынэ» | Бейрэмыкъуэ I. «Бынэ щхьэхынэ»: усэм къахуеджэн, упщIэкIэ зэпкърегъэхыжын; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Псалъэжь: «Хуэмыху и Iуэху блэкIыркъым». |
| (4 тхьэмахуэ) | Джэш Р. “Рузанэ”. | Джэш Р. «Рузанэ»: рассказым къахуеджэн, псалъ нэхъ гугъухэм елэжьын; упщэкIэ зэпкърахыфу, купщIэ нэхъыщхьэр къагъуэтыфу егъэсэн. Рассказым ехьэлIа псалъэжь егъэщIэн:«ФIы зыщI фIы хуозэж». |
| | Грамотэм хуэзыгъэхьэзырын | Бзэр псалъэурэ, псалъэр пычыгъуэурэ зэрызэхэтыр къагурыгъэIуэн, егъэщIэн. «Псалъэрыджэгу» гъэджэгун. |
| ***Жэпуэгъуэ*** **(**1 тхьэмахуэ) | Пхъэщхьэмы щхьэхэр. | «Пхъэщхьэмыщхьэхэр кърахьэлIэж» сурэтымкIэ гъэлэжьэн: пхъэщхьэмыщхьэхэр къэпщытэжын, хущхъуэгъуэ хэлъхэм яхутепсэлъыхьын; планым тету къегъэIуэтэжын, я бзэм зегъэужьын. Пхъэщхьэмыщхьэхэм теухуа «кроссворд» егъэщIын. |
| | АфIэунэ Л. «Адыгэбзэ» | Усэр гукIэ егъэщIэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын; макъхэр зэрагъэIум кIэлъыплъын. |
| (2 тхьэмахуэ) | Къэрмакъуэ Хь. «Чэнджэщ» | Таурыхъым едэIуэфу, жаIэжыфу егъэсэн; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Таурыхъым ехьэлIа псалъэжь егъэщIэн. |
| | Гу-ку макъхэр. | Дерс блэкIар къэпщытэжын. Гу-ку макъхэр псалъэм тэмэму, зэхэщIыкIыгъуэу |

| | | |
|---|---|---|
| | | къыщапсэлъыфу егъэсэн (и пэм, и кIэм,и кум) макъхэм теухуа усэ цIыкIухэм иригъуэзэн. |
| (3 тхьэмахуэ) | Нало З. «Лыжьымрэ ХъумпIэцIэджымрэ» | Нало З. «Лыжьымрэ ХъумпIэцIэджымрэ»: хъыбарым щIэлъ купщIэ нэхъыщхьэр сабийхэм къагурыгъэIуэн; хъыбарымрэ рассказымрэ зэхагъэкIыфу егъэсэн; егъэлеиныгъэхэм къытеувыIэн, яхутепсэлъыхьын. Лыжьым а хъыбарымкIэ къыджиIэну зыхуеяр сабийхэм къазэрыгурыIуар къэхутэн. |
| | Къагъырмэс Б. “Ди мэзым”. | Къагъырмэс Б. «Ди мэзым»: усэм къахуеджэн,упщIэкIэ зэпкърегъэхыжын; ялъагъумрэ усэмрэ зэрапхыфу, абы яку дэлъ зэщхьыныгъэр къагъуэтыфу, къыжаIэфу егъэсэн. Бжьыхьэм теухуа “ребус” къегъэщIэн: я гупсысэм зегъэужьын. |
| (4 тхьэмахуэ) | Псалъэуха. | Дерс блэкIар къэпщытэжын. Псалъэухам мыхьэн пыухыкIа зэриIэр къагурыгъэIуэн: псалъэухам тэмэму зэхалъхьэфу, ар зэкIэлъыхьауэ къагъуэтыжыфу егъэсэн; нэрылъагъу пособие къэгъэсэбэпын. |
| | ЗыплъыхьакIуэ | ЗыплъыхьакIуэ паркым шэн: дыкъэзыхъурейхь дунейм щыгъуазэ щIын. Паркым къыщыкI жыгхэм я цIэр егъэщIэн. |
| **ЩакIуэгъуэ** (2 тхьэмахуэ) | Гъ-хъ макъхэр. | Дерс блэкIар къэпщытэжын. Гъ-хъ макъхэр псалъэхэм щызэхамыгъэзэрыхьу къыщапсэлъыф егъэсэн: ахэр адыгэбзэ макъыу зэрыщытыр къагурыгъэIуэн |
| | Къэрмокъуэ Хь. «Хьэрэмыжьрэ Хьэлэлыжьрэ» | Таурыхъыр яжеIэжын, абы дегъэхьэхын; къазэрыгурыIуар упщIэкIэ къэпщытэн4 псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Персонажхэм оценкэ ирегъэтын. |
| (3 тхьэмахуэ) | Псалъэ, псалъэуха. | Дерс блэкIар къэпщытэжын. Псалъэ,псалъэуха къэзыгъэлъагъуэ схемэхэм щыгъэгъуэзэн:ахэр къагъэсэбэпурэ псалъэ, псалъэуха къагупсысыфу егъэсэн. |
| | АфIэунэ Л. | АфIэунэ Л. «Бжьыхьэ»: усэр гукIэ егъэщIэн, упщIэкIэ зэпкърегъэхыжын; псалъэ нэхъ гугъухэ |

| | | |
|---|---|---|
| | «Бжьыхьэ». | елэжьын, макъхэр къызэрапсэлъым кӀэлъыплъын. Зыплъхьакӏуэ щыкӏуам ялъэгъуахэм кӏэщӏ дыдэу тегъэпсэлъыхьын. |
| (4 тхьэмахуэ) | Хьэхъупащӏэ А. «Умышынэ, дадэ». | Хьэхъупащӏэ А. «Умышынэ, дадэ»:рассказым къахуеджэн, купщӏэ нэхъыщхьэр упщӏэкӏэ къегъэгъуэтын, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын, рассказыр я псалъэкӏэ къапщытэжыфу егъэсэн. Щӏалэ цӏыкӏум и щытыкӏэм сабийхэр тегъэпсэлъыхьыжын. |
| | Псалъэ, псалъэуха. | Псалъэ, псалъэуха къэзыгъэлъагъуэ схемэхэм щыгъэгъуэзэн; ахэр къагъэсэбэпурэ псалъэ, псалъэуха къагупсысыфу егъэсэн. |
| **Дыгъэгъазэ** (1 тхьэмахуэ) | Щӏымахуэ | Гъэм и зэман къихьам (щӏымахуэм) яхутепсэлъыхьын:зэхъуэкӏыныгъэ ялъагъухэм тегъэпсэлъыхьын,я бзэм зегъэужьын, я псалъалъэм хэгъэхъуэн. Щӏымахуэ мазэхэр къегъэпщытэжын: декабрь, январь, февраль-мазэцӏэхэр адыгэбзэкӏэ жегъэӏэн. |
| | КӀэрашэ Т., Акъсырэ З. «Мыщэ и къуэ Батыр» | |
| (2 тхьэмахуэ) | Бзэм и макъхэр. | Дерс блэкӏам ящӏар къэпщытэжын. «**Гъу» -«хъу** макъхэр псалъэхэм щызэхацӏыхукӏыфу егъэсэн. «Псалъэрыджэгу» гъэджэгун. |
| | | |
| (3 тхьэмахуэ) | Къазан Ф. “Илъэсыщӏэ”. | Къазан Ф.“Илъэсыщӏэ”: усэр гукӏэ егъэщӏэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Илъэсыщӏэ къэблагъэм яхутепсэлъыхьын. |
| | | |
| (4 тхьэмахуэ) | Пычыгъуэ | Дерс блэкӏар къэпщытэжын. Пычыгъуэм щыгъуазэ щӏын: псалъэр пычыгъуэурэ зэпаудыф ар къагъуэтыжыфу, ягъэӏуфу егъэсэн. |
| | | |

| | | |
|---|---|---|
| **ЩIышылэ** (3 тхьэмахуэ) | Лъэпкъ IэщIагъэхэр. | Лъэпкъ IэщIагъэхэм яхутепсэлъыхьын. ЦIыхубз (цIыхухъу) фащэхэм ягъуазэщIын: фащэм хэт тхыпхъэхэр егъэлъэгъун, егъэщIэн. |
| | Нало З. “ФIыцIэ цIыкIу къыщыщIахэр”. | Нало З. «ФIыцIэ цIыкIу къыщыщIахэр»: рассказы къахуеджэн, упщIэкIэ зэпкърегъэхыжын; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. ФIыцIэ цIыкIу и хьэл-щэнхэм сабийхэр тегъэпсэлъыхьын: оценкэ ирегъэтын. |
| (4 тхьэмахуэ) | Ударенэ | Дерс блэкIам къытегъэзэжын. Псалъэхэр пычыгъуэурэ зэпаудыфу, ударенэ трагъэувэфу егъэсэн(жьэрыIуатэу). |
| | КIэрашэ Т.,АкъсырэЗ. “Мыщэ и къуэ Батыр”. | КIэрашэ Т.,АкъсырэЗ. «Мыщэ и къуэ Батыр»: таурыхъыр сабийхэм къазэрыгурыIуар упщIэкIэ къызэщIэкъуэжын.Таурыхъым нэхъ ягу ирихьа пычыгъуэхэм къытегъэзэжын:сабийхэр тегъэпсэлъыхьыжын, персонажхэм оценкэ ирегъэтын; мыукIытэу, тегушхуауэ я бзэмкIэ псэлъэфу егъэсэн; тхылъым ит иллюстрацэр къэгъэсэбэпын. |
| **Мэзае** (1 тхьэмахуэ) | АфIэунэ Л. «Япэ уэс». | АфIэунэ Л.«Япэ уэс» усэм гъэхуауэ къахуеджэн; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Макъ нэхъ къамыпсэлъыфхэм елэжьын. |
| | Тхьэмахуэ зэхуакур | Тхьэмахуэ зэхуакур зэрыхъур сабийхэм егъэщIэн: блыщхьэ, гъубж, бэрэжьей, махуэку, мэрем, щэбэт, тхьэмахуэ. Ребус къегъэщIэн: я гупсысэм зегъэужьын. |
| (2 тхьэмахуэ) | Бзэм и макъхэр. | Дерс блэкIар къэпщытэжын. Макъ жь-р псалъэхэ къыщагъуэтыфу, щагъэIуфу егъэсэн: макъым теухуа усэ цIыкIум иригъуэзэн; жь(ы) макъыр адыгэбзэ макъыу зэрыщытыр сабийхэм къагурыгъэIуэ. |
| | ХьэцIыкIу Хь. «Ныбжьэгъу пэж» | Усэр гукIэ егъэщIэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын; макъхэр къызэрапсэлъым кIэлъыплъын |
| (3 тхьэмахуэ) | “Лъэтеувэ” тхьэлъэIу. | «Лъэтеувэ»: тхьэлъэIур сабий садым щегъэкIуэкIын (нэхъыжьхэр къегъэблэгъэн). Дерс зэIуха екIуэкIынум сабийхэр |

| | | |
|---|---|---|
| | | хуэгъэхьэзырын. |
| | Журт Биберд «Къулбацицэ» | Таурыхъым къахуеджэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын; егъэлеиныгъэ хэлъхэм къытеувыIэн, гу лъегъэтэн. Къулбацицэ и хьэл-щэным тегъэпсэлъыхьын. |
| (4 тхьэмахуэ) | Геометрическэ фигурэхэр. | Геометрическэ фигурэхэр егъэцIыхуным пыщэн: хъурей, зэбгъузэнатэ, щимэ, плIимэ. Плъыфэхэр ягу къэгъэкIыжын. |
| | Дерс блэкIам къытегъэзэжын. | Псалъэхэр пычыгъуэкIэ зэпаудыфу, моделхэмкIэ къагъэлъэгъуэфу егъэсэн. |
| **Гъатхэпэ** (1 тхьэмахуэ) | Мартым и 8-р цыхубз хэм я махуэщ. | Цыхубзхэм я махуэм теухуа псалъэмакъ сабийхэ ядегъэкIуэкIын. Къанкъул Ф.”Мамэ”: усэр гукIэ егъэщIэн,псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын,макъ нэхъ къатехьэлъэхэр нэхъыбэрэ къегъэпсэлъын. |
| | Хьэх С. «Щыхьым и жыг» | Рассказым къахуеджэн, упщIэкіэ зэпкърегъэхыжын; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьы рассказым щIэлъ купщIэ нэхъыщхьэр къагурыгъэIуэн. |
| (2 тхьэмахуэ) | Жылэтеж С. “Гъатхэ”. | Жылэтеж С. “Гъатхэ”: усэм къахуеджэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын; гъэм и зэманымрэ усэр зытепсэлъыхьымрэ зэрапхыфу егъэсэн. Макъ нэхъ къатехьэлъэхэмкIэ лэжьыгъэ егъэкIуэкIын. |
| | ЛI-лъ макъхэр. | ЛI-лъ макъхэр псалъэхэм щызэхацIыхукIыфу егъэсэн; а макъхэр хэту псалъэхэр къагупсысыфу егъэсэн; макъым теухуа усэ цIыкIухэм иригъуэзэ |
| (3 тхьэмахуэ) | Къэрмокъуэ Хь. “Сосрыкъуэ мафIэ къызэрихьар”. | Къэрмокъуэ Хь. «Сосрыкъуэ мафIэ къызэрихьар»: IуэрыIуатэм къыхэщыж хъыбарым къызэрыгуэкI дыдэу щыгъэгъуэзэн, псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын; егъэлейныгъэ хэлъхэм къытеувыIэн, хъыбарыр иджырей гъащIэм ирегъэгъэпщэн. Сосрыкъуэ и фэеплъ Налшык дэтым яхутепсэлъыхьын. |
| | Къэрмокъуэ Хь. “Бажэмрэ Хьэхэмрэ”. | Къэрмокъуэ Хь. «Бажэмрэ Хьэхэмрэ»: таурыхъым едэIуэфу, купщIэ нэхъыщхьэр къагъуэтыфу егъэсэн; Iеймрэ фIымрэ зэхагъэкIыфу,таурыхъыр зэ жаIам |

| | | |
|---|---|---|
| | | къытрамыгъэзэжу жаӀэжыфу егъэсэн. |
| **Мэлыжьыхь** (1 тхьэмахуэ) | Щоджэнцӏыкӏу І. “Си анэ”. | Щоджэнцӏыкӏу І. «Си анэ»: усэр гукӏэ егъэщӏэн; псалъэ нэхъ гугъухэм елэжьын. Анэм теухуа псалъэжь егъэщӏэн: «Анэ зимыӀэм, гуэр и махуэщ». |
| | Къэрмакъуэ Хь. «ХьэщӀэмыгъа шхэ» | Хъыбарыр яжеӀэжын, нэхъ гу зылъытапхъэхэм къытеувыӀэн; хъыбарым хэт персонажхэм оценкэ ирегъэтын. Хъыбарым ехьэлӀа псалъэжь егъэщӀэн. |
| (2 тхьэмахуэ) | Дадэ А. «Доныжь цӀыкӀу и бжэнибгъур» | Таурыхъыр сабийхэм спектаклу егъэгъэувын; сабийхэр таурыхъым нэӀуасэ хуэщӀын, рольхэр хуэгуэшын; спектаклым нэхъыщӀэ гупыр къаегъэблэгъэн. |
| | Дз-ц макъхэр. | Макъхэр псалъэхэм щызэхамыгъэзэрыхьу, къыщагъуэтыфу, щагъэӀуфу егъэсэн.Дид. материалхэр къэгъэсэбэпын. |
| (3 тхьэмахуэ) | Журт Б. “Мафӏащхьэджэд’ | Журт Б. “Мафӏащхьэджэд”: рассказым къахуеджэн; тхьэлъэӏум теухуа псалъэмакъ ядегъэкӏуэкӏын. Рассказыр упщӏэкӏэ зэпкърегъэхыжын. |
| | Къуалэбзухэр | ЩӀымахуэр ди деж щизыххэмрэ хуабапӀэм лъэтэжхэмрэ зэхагъэкӀыфу егъэсэн: ахэр хъумэн зэрыхуейр сабийхэм къагурыгъэӀуэн. |
| (4 тхьэмахуэ) | Гъэм и зэманхэр. | Гъэм и зэманхэр егъэцӏыхун: бжьыхьэ, щӀымахуэ, гъатхэ, гъэмахуэ; гъэм и зэман къэс мазэ щырыщ зэрыхъур яжеӏэн; Тхылъым ит иллюстрацэхэр къэгъэсэбэпын. |
| | Къэпщытэжыны гъэ | Грамотэм хуэзыгъэхьэзыр дерс екӏуэкӏахэр къэпщытэжын: тхылъым ит дид.материалхэр къэгъэсэбэпын. |
| **Накъыгъэ** (3 тхьэмахуэ) | Си Налшык къалэ | «Си Налшык къалэ»: ар ди республикэм и къалащхьэу зэрыщытыр егъэщӏэн; гербыр, флагыр егъэлъагъун. Къэбэрдей-Балъкъэрым и президентыр егъэцӏыхун. |
| | Си Налшык къалэ | Налшык дэт театрхэм, музейхэм, фэеплъхэм, щыгъуазэ щ1ын. Ди республикэм щыпсэу |

| | | |
|---|---|---|
| | | лъэпкъхэрегъэц1ыхун : ахэр зэгуры1уэ – зэдэ1уэжхэу зэрыпсэум гу лъегъэтэн. |
| (4 тхьэмахуэ) | Къэпщытэжыны гъэ | Гъэ еджэгъуэм яджа псори зэхуэхьэсыжын, къэпщытэжын. Къызэрапщытэ диагностикэ екIуэкIыным хуэгъэхьэзырын. |
| | | Сабийхэм я зэфIэкIыр къызэрапщытэ диагностикэ егъэкIуэкIын. |

**Гъэм и кIэм сабийхэм яхузэфIэкIыпхъэр:**

-цIыху IэщIагъэхэр (егъэджакIуэ, гъэсакIуэ, дохутыр, н.) ящIэу;
-дунейпсо махуэшхуэхэм щыгъуазэу;
-ди Армэм Хэкур зэрихъумэм щыгъуазэу;
-губгъуэм къыщыкI гъавэхэр ящIэу;
-гъэм и зэманхэр, къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр ящIэу;
-щIымахуэр изых бзухэмрэ хуабапIэм лъэтэж бзухэмрэ яцIыхуу;
-Къэбэрдей-Балъкъэрым и гербыр, ныпыр, президентыр яцIыхуу;
-Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпэ нэхъ дахэхэу 2-3 яцIыхуу;
-псыежэххэм щыщу 3-4 ящIэу;
-къалэхэу, къуажэхэу 4-5, районхэу 3-4 къыбжаIэфу;
-адыгэ джэгукIэхэм щыгъуазэу, джэгуфу;
-сабийхэм кIэлъызэрахьэ хабзэхэм щыгъуазэу.

**Сабийхэр щытын хуейщ:**

-псалъэуха зэмылIэужьыгъуэ яухуэфу;
-сурэт цIыкIу зыбжанэкIэ, езыхэр зыщыгъуазэ Iуэхугъуэм теухуа рассказ, таурыхъ цIыкIу зэхалъхьэфу;
-псалъэм узыхуей макъыр къыхацIыхукIыфу, здэщыт щIыпIэр къыбжаIэфу
( и пэм, и кум, и кIэм);
-псалъэуха зэхалъхьэфу, псалъищ-плIы нэхъ мыхъуу;
-псалъэухар псалъэкIэ, псалъэхэр пычыгъуэкIэ яугуэшыфу;
-езыр-езыру, гъэхуауэ, зэкIэлъыхьауэ литературнэ текст цIыкIухэр зытепсэлъыхьыр къаIуэтэжыфу;
-тхыгъэ цIыкIухэр драматизацэ ящIыфу;
-пщIым нэс бжэфу, къебжыхыжыфу;
-геометрическэ фигурэхэр, плъыфэхэр къыбжаIэфу;
-илъэсыр мазэ дапщэ хъуми ящIэу;
-тхьэмахуэ зэхуакур, кърабжэкIыфу;
-фащэм тет тхыпхъэщIыпхъэхэм щыгъуазэу.

**Гъэм и кIэм сабийхэм яхузэфIэкIыр къызэрапщытэ щIыкIэр**

**КъызэрыгуэкIщ (хищIыкIышхуэ щыIэкъым).** Сабийр зэрыпсалъэ бзэр къогугъуэкI, макъ псори тэмэму къипсэлъыфыркъым, IэщIагъэ къызэрыкI щыIэцIэр къыбжеIэ, псалъэуха нэхъ тыншхэр бзэм къыщегъэсэбэп, езыр-езыру псалъэмакъым хэткъым, егъэджакIуэр дэIэпыкъуурэ сурэтым, предмет гуэрым теухуауэ рассказ кIэщI зэхилъхьэфынум хущIокъу, упщIэ иратам дэIэпыкъуэгъуншэу жэуап иритыфыркъым, усэ цIыкIу гъэхуауэ къоджэф, предметхэм я щытыкIэхэм тещIыхьауэ ахэр зэрызэщхьым е зэрызэщхьэщыкIым тепсэлъыхьын къохьэлъэкI, геометрическэ фигурэхэм я цIэр зэхегъэзэрыхь.

**Ику итщ**. Сабийр зэрыпсалъэ бзэр къыгуроIуэ, макъ псори къепсэлъыф, предметхэм я щытыкIэхэм тещIыхьауэ ахэр зэрызэщхьыр е зэрызэщхьэщыкIыр ещiэ, езыр-езыру псалъэмакъым хэтщ, зы сурэт е сурэт зыбжанэ къигъэсэбэпурэ рассказ кIэщI цIыкIу зэхелъхьэф, упщIэ иратым жэуап иретыжыф, усэ гъэхуауэ къоджэф, псалъэуха къызэрыкIуэкIэ мэпсэлъэф, ауэ бзэ дахэ зэпыщIакIэ псэлъэн къохьэлъэкI, здэунэта-здэгъэза, здэщыIэ лъэныкъуэхэр зэхегъэзэрыхь.

**ФIыуэ ещIэ**. Сабийр гугъу лъэпкъ емыхьу и бзэмкIэ мэпсалъэ, бзэм и макъ псори къабзэу къепсэлъ, и бзэм щыIэцэIм плъыфэцIэ и гъусэу къыщегъэсэбэп, рассказ щызэхилъхьэкIэ псалъэуха убгъуахэр къегъэсэбэп, предметхэм я плъыфэхэр ещIэ, геометрическэ фигурэхэр ещIэ, упщIэ хуэбгъэувам жэуап иретыф, къыщалъхуа къалэм и цIэр ещIэ, усэ гъэхуауэ къоджэф, гъэм и зэманхэр ещIэ, бзэ зэпыщIакIэ мэпсэлъэф, псалъэуха зэхелъхьэф икIи зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу къегъуэтыжыф, псалъэр пычыгъуэкIэ егуэшыф.

| Илъэс бжыгъэр | Дерсхэр зэрекIуэкIыну зэманыр (дакъикъэр) | Тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэу егъэкIуэкIыпхъэ дерсхэр | Зы илъэсым къриубыдэу егъэкIуэкIыпхъэ сыхьэт бжыгъэр |
|---|---|---|---|
| 6-7 | 25-30 | 2 | 72 |

**Къэгъэсэбэпыпхъэ литературэхэр:**


1. Анэбзэ. Ацкъан Ритэ
2. Сабий джэгукIэхэр. МафIэдз Сэрэбий
3. Адыгэ IуэрыIуатэ.
4. Сабий щэнгъысэ. Нало Заур.
5. Сабийгъуэ гъуэгу. Вындыжь Марие.
6. Хъыринэ. Къэбэрдокъуэ Борис.
7. Сборник детских и юношеских песен на стихи Леонида Шогенова